ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪ УЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№136 (21.044) ● 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● ЗэІущІэхэр

С уратыр МАМИЙ Руслан трихащ.

Къалэныгъэхуэхэр зэпкърах

КъБР-м и Правительствэм и Унэм бадзэуэгъуэм и 13-м щыІэхэтащ ЮФО-м и Промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я Зэзыгъэуі советым и зэІущІэ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛАЩ федерал министерствэхэм, ведомствэхэм, Урысыем и Ипщэ щІыналъэхэм щыщхэр, УФ-м и Промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союзым и правленэм хэтхэр, а зэгухьэныгъэм ЮФО-м щиІэ къудамэхэм я унафэщІхэр, коммерцэ, жылагъуэ организацэхэм я лІыкІуэхэр.

Зэхьыхьэм щызэпкърахащ экономикэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр къэгъэсэбэпыным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуным, ЮФО-м и предприятэхэм я лэжьыгъэр хабзэм тету зэтеублэным хузунэтІауэ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм инвестицэ кьыхегъэлъхьэн и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІахэм, РСПП-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и Іуэхущафэр зыхуэдэм едэІуэным теухуа Іуэхугъуэхэр.

ЮФО-м и Промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я Зэзыгъэуі советым и унафэщІ **Пумпянский Дмитрий** зэІущІэр кьызэІуиха нэужь, зэхуэсахэм хъэхьу псалъэкІэ захуигъзащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен.** Ар кІэщІу кьытеувыІащ кьыхалъхьа Іуэхугъуэхэм я мыхьэнэм, экономикэм зегъэужьыным теухуауэ республикэм щыІэ хэкІыпІэхэм икІи зэхьыхьэм и кьызэгъэпэщащкІуэхэм фЫщІэ яхуищІащ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу ЮФО-м щыІэ **Козак Дмитрий** и пэублэ псалъэм кьыхэщащ «Урысейм и ипщэ лъэныкъуэхэр федералыгъэ программэм (2008-2012 гъэхэм тещІыхьам) сом мелард 52-рэ зэрыхухахыр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, мы Іуэхум ильэс кьэс сом меларди 10-12 хуэдизкІэ трагъэкІуэдэнущ. ИджыкІэ зы илъэсым кьыхуауІыпщыр сом меларди 2 - 2,5-рэ кьудейщ. Козак Дмитрий жиІащ экономикэ инвестицэ нэхьыбэ кьыхегъэлъхьэнымкІэ ди республикэр ЮФО-м щыпашэхэм зэращыщыр. Урысейм и компание инхэм КъБР-м гу кьыльатащ. Ахэр тезыгъэгушхуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщи ди щІыналъэм и Іуэхухэр зэрылэжьакІуэшхуэр. Лъэпощхьэпо хьур щІыр зейр зэхэгъэкІауэ зэрыщыщымытмрэ къэзыпщытэ-кІэлъыплъакІуэ ІэнатІэм пэрытхэм зэрырагъэлёймрэщ. Апхуэдэу щыхьукІэ, аукцион зэІухахэр егъэкІуэкІын, кІэлъыплъакІуэхэм я лэжьэкІэр мардэ пыухыкІам хуэгъэкІуэн хуейщ.

ЮФО-м и Промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я Зэзыгъэуі советым и унафэщІ Пумпянский Дмитрий ягу кьигъэкІыжащ Дунейпсо олимп комитетым Сочи теухуауэ иджыблагъэ кьишта унафэм щІыналъэм и зыужьныныгъэр хуабжьу зэриГъэтэнур.

Абы кьызэрильытэмкІэ, инвестицэ кьыхэзыдгъэхьэзэр зэрыщІэу щытын хуейщ, зым адрейр зэран хуэмыхьун папщІэ.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат Крамаренкэ Виктор Сергей и кьуэм и полномочиехэр, пІальэр кьэмысу игъэтІылъыжьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и япэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ итКІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ** :

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат Крамаренкэ Виктор Сергей и кьуэм, Бахьсэн зы мандат хэхьпІэ округ №5-м щыхахам, и полномочиехэр пІальэр кьэмысу 2007 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м щыщІэдзауэ егъэгъэтІылъыжьын икІи ар Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкІэ и комитетым хэгъэкІыжын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщацта махуэм щыщІэдзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м
№1180-П-П

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Узынщагъэри ирагъэфІакІуэ, я нэгуи зрагъэужь

Ди республикэм сабийхэм зыщагъэпсэху и санаторэ нэхъыфІхэм ящыщщ «Къурш псынэр». Бадзэуэгъуэ мазэм кьриубыдэу ныбжьыщІэ 500-м щІигъум зыщагъэпсэхунущ абы, нэхъыщхьэраши, я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэнущ.

ИДЖЫПСТУ абы щыІэщ ди щІыпІэм и мызакъуэу, Шэшэн, Осетие Ищхьэрэ республикэхэм кьикІа цІыкІухэри.

Ди санаторэм сабийхэм я нэгу зыщедгъэужь кьудейкъым, атІэ я узынщагъэм дыщыкІэлъопль, махуэм плІэ мардэ щхьэхуэм иту догъашхэ, - жеІэ санаторэм и унафэщІым медицинэ и лъэныкъуэкІэ и кьуэдзэ Бадзиевэ Альбинэ. - Ди деж кьакІуэхэм яхэтщ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэмыныкъуэхэри, ауэ я нэхъыбэм хроническэ узыфэ зэхуэмыдэхэр япкърытщ. Сабийм кьеуэзым, абы зэрызигъэхьужа щІыкІэхэм зыщыдогъэгъуазэри, узынщэ дыдэ хьужауэ зэрыдутІыпщыжьыным иужь диту дадолажьэ. Мыбы щыІэщ зыхуеЙ хуэза физиотерапие пэш, абы куэдым дыщІэзэ. Апхуэдэуи азототермальнэ душым дошэ, Іэпкълъэпкъыр яхудошытІэ, абы хэт йодыр мащІэ мыхьэн папщІэ профилактикэ лэжьыгъэхэр идогъэкІуэкІ.

ЦІыкІухэм ягу ирихь, я гукъыдэжьыр кьэзыІэт нэгузыужь Іуэхугъуэ куэди кьахэузыдогъэпэщ зэрыщІэ махуэ 21-м кьриубыдэу. ПщІантІэм зэрызыщагъэпсэхуэм, республикэ зэхуэмыдэхэм щыщ ныбжьыщІэхэр ныбжьэгъуэ зэрыщэхуэхьум нэмыщІи, ахэр гуэлхэм, кинотеатрхэм, зоопаркым яшэ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр гукъинэж ящыхьун папщІэ нэгъуэщІ Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэри кьыдогъэсэбэп.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Гъавэ-2007

Хьэри гуэдзри мащІэщ

Прохладнэ районым хьэр, гуэдзыр щыІуахыж.

МЭКЪУМЭЩЫЩІЭХЭМ гъавэфі кьайхъулІэным щыгугъами, кьэкІыгъэхэм я хэхъуэгъуэ зэманым ирикъуу уэшх кьыззремышхам и зэранкІэ зауэжьакъым.

Районым и вапІэ гектар мин 97-м гуэдз, зэнтхъ, хьэ, гъавапхъэ нартыхуу, нэгъуэщІ кьэкІыгъэхэр щыхасами, нэгъабэ елъытауэ гъавэу кьытрахыр куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Зы гектарым хьэуэ кьытекІыр ику иту центнер 26-рэ хуэдизщ, гуэдзыр центнер 14 - 16-м щхьэдэхьыкъым.

Районым и агроном нэхъыщхьэ Сириц Виталий зэрыжиІэмкІэ, мэкъумэшыщІэхэр техникэкІэ хъарзынэу кьызэгъэпэщащ: комбайин 120-рэ, хьэлъэзешэ машинэ, нэгъуэщІ зыхуеинухэри ягъуэт.

ЩІы нэхъыбэ яІыгъщ, гъэ кьэси нэхъ екъулІэныгъэфІэр зыІэрагъэхьэ Пролетарскэ кьуажэм щыІэ «Рассвет» хозяйствэм (гектар мини 5 иІыгъщ), Петровэ я цІэкІэ щыІэ колхозым (гектар мин 12,5-рэ), «Прималкинскэ» АПС-м (гектар мини 8).

Щым кьытекІыр мащІэщи, мэкъумэшыщІэхэр химыльафэу я Іуэхур зыгуэркІэ зыгъэзэжІуэжьфынур гъавэ кьрахьэлІэжьр уасэфІкІэ яхуэщэжынырщ.

ЧЫНТ Чым.

Махуэшхуэм зыхуегъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балькъэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлІэу республикэм и щыхьэрым лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ: уэрамхэм телъ асфальтыр зэрагъэзэхуэж е щІэкІэ зэрахъуэкІ.

АБЫ кьыдэкІуэу гъуэгубгъуэхэм Іут унэхэм я теплъэр кьагъэзэщІэщІэж, уэздыгъэхэр фІадэ, цІыхухэм зыщагъэпсэхуну тІысыпІэхэр щІэрыщІэу трагъэувэ. Мазхэшхуэм ирихьэлІэу зи ІуплъапІэр ягъэдахэ хуейуэ щыта псэупІэ унэ 61-м щыщу 24-р яухащ, 20-м лэжьыгъэхэр щокІуэкІ. Налшык и «Дубки» жылагъуэм зыгъэпсэхупІэ дахэ щыІэ хъуащ, зыхуей хуагъэзащ «Горнэ» хьэблэм щыІэ дэщхуей жыг хадэр, абы фонтан иращІыхьащ, щаухуащ сабийхэм я джэгупІэ. ДяпэкІэ яужь ихьэнущ гуэл Іуфэхэр зыхуей хуэгъэзэным. Кхъуафэжьей станцыр Іуахыпэу абы и пІэкІэ нобэрей щапхъэм тет унэ щаухуэну я мурадщ. Къалэ унафэщІхэм зэрыжаІамкІэ, а псор зэфІэкІа нэужь, гуэл Іуфэхэм тыншу зыщагъэпсэхунущ ди республикэм щыпсэухэми къэщІэхэми. Къалэ кІуэщІым нобэ щагъэуващ уэздыгъэхэр зыфІадзэну пкъоущІэу 42-рэ, торшер лІэужьыгъуэу 134-рэ, уэрамхэр зэрагъэдахэ жащ уэздыгъэу 370-рэ. Торшерхэр уэрамхэм кьадэкІуэу щагъэувынущ кьалэ утыкухэм, жыг хадэхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Гъуазджэ

Абхъаз гулытэ

Нэхъапэм газетымкІэ хъыбар фдгъэщІауэ щытащ Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и артист Мысостышхуэ Пщыізэбий Абхъаз Республикэм Гулиа Дмитрий и цІэкІэ щыІэ къэрал саугъэтым и лауреат зэрыхъуар. А Іуэхум епха документхэр зэфІигъэхьэн папщІэ иджыблагъэ ар Анстим ирагъэблэгъат. ЗытекІухьа Іуэхур зэрызэфІэкІам, и нэгу щІэкІахэм тедгъэпсэльыхьыну Мысостышхуэм зыхуэдгъэзащ.

Пщыізэбий Лакобэ Нестор и ролыр егъэзащІэ. *1981 гъэ*

- ПСОРИ къыщежьар 1981 гъэрщ. Абы щыгъуэм сэ Абхъазым и тхакІуэ цІэрыІуэ Аджинджэкан Шалодие и сценариикІэ трах «Колокол священной кузни» фильмым сыщыджэгуну срагъэблэгъат, - жиІащ Пщыізэбий. - Ар сэ гуапэ сщымыхъуу кьэнакъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Абхъазым и революционер пажэ, цІыху тельыджэу щыта Лакобэ Нестор и ролырт кьыхуагъэфащэр. Ауэ фильмыр текІуэн нуха нужь, абы и кІэм хьэргъэшыргъэ кьиІащ. Куржыкъэр тхьэусыхэу щІадзащ ныкъуэ тепльэгъуэкэр ди тхьідэм кьыхэфхащ, абы щыгъуэми дэ зыкІи ди цІэ ифІуакъым, жаІэри. Тхьэусыхафэр ЦК-м нагъэсри, пьэныкъуитІым я лІыкІуэхэр ирадзэри, я гукъеуэкэр кьрагъэзэгъуэ. УнафэщІхэм фильмым епльа нэужь, ар мыЕйуэ кьалъытащ, пьэныкъуитІри зэгурыІуэу, Іэмал имыІэу куржы Іуэху хэтын хуеймэ, ари хагъэхьажу хэлъжьыныжьыну кьыхуагъэуващ. Андропов Юрий кьыгъэзгъащ мыльку и пьэныкъуэкІэ текІуэдэнур псорри кьахуиутІыпщыну.

Фильмым елъэкьыжа нужь, егъэлеяуэ сигу ирихьу згъэзэщІа тепльэгъуэ зыбжанэ хагъэкІыжащ, актерхэм щыщи яхуэжащ, кІэщІу жыпІэмэ зэкъуэкІыныгъэ куэд хальхьащ. Ауэ, дауэ щымытми, куэдым ягу ирихьащ, унафэщІхэми ар тезыхахэм я лэжьыгъэр кьайхъулІауэ кьалъытащ.

- **ШэчхэмыІуэ, фильмым екъуІэныгъэ зэриІам и щыхьэ тщ уэ «Абхъаз Республикэм и щыхуэбэ артист» щІэ гъапІэр кьызэрыпфІащари, Гулиа Дмитрий и щІэкІэ щыІэ къэрал саугъэтым и лауреат уэзэрыхьуари...**

- Абы гъапІэрэ зэманыфІ блэкІащ, Абхъазми зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр кьыщыхьащ, дызэкІэлъымыкІуэжу, зэпымыщІэныгъэ гуэри димыІэжу екІуэкІащ. Иджыблагъэ хьыбар кьыслэрыхьащ къэрал саугъэтым и лауреатхэм мазэ кьэс сом мининтІ яритауэ Абхъаз Республикэм и Правительствэм унафэ кьызэрищтамкІэ. А Іуэхур зэфІэзыгъэкІыну зи пщэ ильхэм я гъэІуфкІэ махуэ бжыгъэ и пэкІэ Аджинджаал Шалодие сригъэблагъэри, Абхъазым сыкІуащ. Зыхуеину документхэр зэфІэдгъэхьащ, псалъэ дахэ куэд зэхэзагъэхащ, пщІэ кьызэрысхуащІыр, фІыуэ сыкьызэзраІьагъур иджыри зэ си нэгу щІэкІащ. Ресpublикэм и гражданствэ кьэсщтэн хуейуэ, Абхъазым и цІыхуу сыкьызэзраІьытэр кьызжаІащ.

- **Пщызэбий, Абхъазым уэзрыщыІа махуэщым нэхъ унгу кьинэжауэ сытхэр уи нэгу щІэкІа?**

- А махуэхэр гъэщІэгъуэну, щІэщыгъуэ екІуэкІащ. Аджинджаал и унагъуэм сригъэблагъэри, абы сахэсащ. Дызэрызэрымыльагъуэ зэманым зэныбжьэгъуитІым зэжветІэн ди мащІэтэкъым. А илъэсэм абы иІа екъуІэныгъэхэм, и ІэдакъэщІэкІхэм, зауэр щекІуэкІа илъэсхэм зыхэта гугъуехьхэм сыщигъэгъуэщ, мыдэкІэ сэри си Іужу зыІутхэм и гугъу хуэсщІащ. Сыхьым зыщыспІыхьащ. Зэгуэр анекдидизу дахэу щыта къалэм си гуф хэзыгъэхуэни щыслъэгъуащ. Зауэм и Іэужьхэр иджыри щыпІэ-щІыпІэкІэ щыбгъэльагъу, ауэ зэхъуэкІныгъэшхуэхэр щокІуэкІ. Пэжщ, лэжьыгъэшхуэ къалэпэщылъщ, ауэ зыІуакъыныгъэ гъуэгум зэрыгетым си гур ин ищІауэ сыкІэкІуэжащ.

ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжу я унафэщІхэр зэрызэдэлажьэм я нэгу щІэкІа Іуэхугъуэ Іейхэр ящызыгъэгъупщэжьи махуэ дахэм зэрыхуишэнур си фІэщ мэхъу.

Епсэльар
щхьэщэмыщІ Иэзщ.

● Къэрэшаевскэ Іуащхьэмахуэ

Укъытэ зиІэм насып иІэщ.



Перес и тхьэрыІуэ

Израилым и президенту хаха Перес Шимон и къулыкъум ирыхьащ.

Абы къэралым и кнессетым (парламентым) тхьэрыІуэ щитащ. ШЭч хэмылъу, ар журтхэм я политик нэхъ цІэрыІуэ дыдэщ. Перес Израилым нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ, зыхьэмэжьныгъэмкІэ и министру, премьер-министру зыбжанэрэ щытащ. Ар Нобель и саугъэтым мамырыгъэмкІэ и лауреатщ.

Ильэс 83-рэ зи ныбжь Перес президент кьулыкъур Іэрыхьащ Израилым и дежкІэ гугъуу щыщыт зэманым. Гъунэгъу Палестинэр тІу зэрищыкІащ, президенту щыта Кацав Моше кьауэгъэшхуэ пылъу и кьулыкъур кьигъэнащ, Ливаным зауэр зэрыщекІуэкІа щыкІэмкІэ ягъэхуэнщэ премьер-министр Ольмерт Эхуди (араш итэжьпІэкІэ къэралым унафэ щыщыІыр) абы и махуэр кьыхуэкІуэнкІэ хъунущ. АтІэ зи ныбжьыр хэкІуэта политикым Іуэхуэхэр зэтес хуэщІыжьыну пІэрэ? Абы и жэуапыр езытыфынур зэманырщ.

Кореер шынагъуэнщэхьым

Корее Ищхьэрэр ядернэ программэм кьыпокІ.

Пхеньан егъэувыІэ атом Іэщ зыгъэхьэзырыфыну ядернэ реакторыр. Апхуэдэ хьыбарыр политик куэд зыпэмыплъауэ кьыщІэкІащ. Сыт хуэдэу щытми, ильэситху хьуауэ кьэралхэ хэту екІуэкІа зэпсэльэныгъэхэм иджыри къэс екъулІэныгъэ гуэри яІакъым - зэхуэсэрт, зэпсальэрти, зэбгрыкІыжьырт. КНДР-м кьигъэувэкэр хуагъэзэщІащ. Абы зэуэ ирагъэнущ хуабэкІэ лажьэ и станцэм папщІэ мазутІ тонн мин 50. Апхуэдэу Пекин щыубыдауэ щыта и банк ахьшэри кьигъэсэбэп хьужынущ.

УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм щыжаІащ Корее Ищхьэрэм ича лъэбакъуэр хуабжьу я гуапэ зэрыхьуар.

Нэхъ еужьэрэкІын

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и янэ кьуэдзэ Медведев Дмитрий жиІащ Калининград ооластым и жылагъуэ щомэ газ зэрыгъэнэм и Іуэхур мыгувэу зэфІэкІыну .

Апхуэдэ мурадкІэ областым а гъэсэныпхъэр нэхъыбэу хуаутІыпщынущ. Япэ вице-премьерым кьыхигъэщащ а щІыналъэм и властри нэхъ жьыдэрэ лэжьыгъэхэм хьыхьэн зэрыхуейр.

ЩІыр щохъей

Къулейсызыгъэшхуэ кьыщыхьащІ Японием щыщ Хонсю хьтІыгум, Мыбы кьаруушхуэ иІэу щІыр щІыжьанэрэ щыхьеящ.

Удынир нэхъ хуэгъэзэщ щытащ Ниигатэ префектурэм. Абы и кьалэ стадионри унэ куэди зэтещэхащ. ЗэкІэ кьызэратамкІэ, цІыхуитху хэкІуэдащ, миниум щІигъум фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. ЩІыпІэм щыІащ премьер-министр Абэ Синдзо.

ЕщІагъэлІхэм зэрыжаІамкІэ, хьтІыгум иджыри зыбжанэрэ щІыр щыхьеинущ.

ХьэкІэжхъуэкІагъэ

Иракым аргуэру хьэкІэкхъуэкІагъэ щалэжьащ.

Киркук кьалэм и щІыпІитІым лагъымэхэр щыщагъэуащ. Щыхуищэм нэблагъэ хэкІуэдащ, куэд уІэгъэ хъущ.

Ар я жэуапу жаІэ США-м и зауэлІхэм «щытыкІэр зэтес щІыжьным хуэгъэзауэ» Ираким и ищІэ лъэныкъуэм щригъэжьа Іуэхухэм.

(ИТАР-ТАСС)



♦ Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым и авиацэм и махуэщ (1996).

♦ Финляндием щагъэлъапІэ демократием и махуэр.

♦ Урал область Советым и унафэкІэ 1918 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м и жэщым Екатеринбург щаухІащ иужьрей урысей пащтыхь Николай ЕтІуанэмрэ и унагъуэмрэ.

♦ Ильэс 65-рэ и пэкІэ (1942) щІидзащ Сталинград зэхуэм и дыдэм.

♦ Ильэс 15 и пэкІэ (1998) Словакием и Лъэпкъ Советым (иджы Словакие Республикэм и Лъэпкъ Советщ) кьищтащ Словакие Республикэм и суверенитетым теухуа Декларацэр.

♦ Москва щекІуэкІынущ Евразие экономикэ зэдэлэжьныгъэм хэт къэралхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ.

♦ 1886 гъэм Японием и кьалащхьэр Киотэ ирахри Эдэ яхьащ икІи абы Токио фІащащ.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэ ти 5-рэ дакьикъэ 40-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 47-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъи 7-рэ.

Пчыхьэпэ зыгъэхьэзырыр
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Газетеджэхэм гу зылъатапхъэ

"Адыгэ псалъэр" кьыфІэрыхьэну фыхуеІуэ

Ди щІэдэкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ нэхъ ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедгэныр республикэм и пощт Іуэхущ Іапі эхэм щиухащ.

Апхуэдэу гу лъыІэдгъэтэну дыхуеІщ бадзэуэгъуэм и 28 щыщІэдзауэ и газетым Іэ щІэвдзмэ, ар щыщхьэІум и 1-м щыщІэдзауэ ныэзрыфхуахьынуми.

Мазитхуэм газетым и уасэщ сом 265-рэ.

Ди индексыр 51531

Къалэнышхуэхэр зэпкърах

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ напэ.).

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщыым и япэ къуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат** и къэпсэлъэныгъэр нэхъ зытриухуар инвестицэ къыхэзылъхьэхэм яIэну лъэгэхэрщ. Абы къыхигъэщхьэхукIащ хьэрычэтыщI лэжьыгъэ нэхъ мащIэр республикэм ахъшэкIэ зэрыщыдаIыгъыр. Инвестицэ нэхъыбэу къыхалъхьэным хуэгъэза Iуэхухэр зэфIагъэкI.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ «ЮФО-м инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэ» НП-м и IэтащхьэВдовин Игорь. Абы къыхигъэбелджылыкIащ щIыналъэм зэгъэужьыным щIэгъэкъуэныгъэшхуэ хуэхъуфыну инвесторхэр зэпымыуэу къалъыхъуэн, абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъэкъуэн зэрыхуейр.

ЩIыналъэм щызекIуэ хабзэхэм тепсэлъыхьащ «Вергас-Лекс» юстицэ фирмэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Сафаров Михаил. Компаниехэм я процент 40-м щIигъум Iуэхухэм хыхьэн зэрамыдам къегъэлъагъуэ щхьэу зэрызэгурыIуэр. Абы къыдэкIуэу налог зэратыну щIыкIэми гугъуехьхэр пылъщ. ХьэрычэтыщIэхэм суд унафэхэм дзыхь зэрамыхуэщIри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыхъыхъэмкIэ и министр **Ерчэн Темболэт** къыIэтащ Урысейм и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьыгъэм пыщIа Iуэхухэр. Абы жиIащ предприятэхэр зэрызэфIагъэувэжыр, щIэхэр зэрызэтраухуэр. Республикэм хадэхэкIыу къыщрахъэлIэм хохъуэ, арщхьэкIэ абы елэжьыну заводхэр кьомэщIэкI. УФ-м пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI консерву къыщыщIагъэкIым и процентым 10-м нэблагъэр ди республикэм щагъэхъэзыр. Мы Iуэхум теухуауэ щыIэ IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп. Ауэ апхуэдэ IуэхущIапIэхэу иджыри 5-6 хуэдиз лажьэу яIэмыпщын хуейщ. ЩIым утелэжьыхьыну уи мурадмэ, ди щIыналъэр абыкIэ узыфIэмыкIыжынщ, ар зыщагъэгупщэ хъунукъым мы IэнатIэм ахъшэ хэзылъхьэну хьэзырхэм.

Аргуэру псэлъапIэм ихьащ РФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ Козак Дмитрий. Абы жиIащ инвестицэ Iуэхухэр пхыкIын папщIэ, ахъшэ хэзылъхьэнухэм и чэзум хыбар яIэрыхьэн зэрыхуейр. Апхуэдэ щIыкIэкIэщ инвестицэ къызылъхьэу IуэхущIапIэхэмрэ ахъшэ зиIэхэмрэ зэрызэхуэувэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен къэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ ди республикэм гулъытэ къызэрыхуащIым папщIэ. Абы къыхигъэбелджылыкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур УФ-м и Ипщэ лъэныкъуэм и зэкъуэтыныгъэм и гуфIэгъуэшхуэу зэрыщыту. ЗэхуэсыпIэ зыщIэхэр фIыщIэ хуищIащ зэрызыхуэр. Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен жиIащ ди щIыналъэм и Iуэху зыIутхэм теухуа хыбарыбэщIэхэр зэпэрыдзу хуабжьу зэрыщIыхьэр.

ЗэIущIэм хэтахэм жаIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнур зэгъэзэху зэрыщытынур я фIыщ зэрыхуэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Щхыуэпсым теухуауэ

Псыежэххэм я къабзагъэр зэрахъумэр

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым къызэригъэпэщащ ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт лэжьакIуэ гупу плIы. Абыхэм я пщэ иралъхьащ щыуэпсым хъумэнымкIэ законодательствэр ди деж зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъыну, республикэм и псыежэххэм я щытыкIэр, абыхэм хэс бдзэжьейр зэрахъумэр къапщытэну.

МЭКЪУМЭШ IэнатIэм и щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ Урысейм и IуэхущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и деж къыщызэрагъэпэща япэ гупым хэтхэм я къалэнщ хабзэм къемызэгъыу бдзэжьей ещэхэр къыщIагъэщыну, абыхэм зэрахьэ мыхъумыщIагъэхэр къызэпаудыну. Урысейм т техникэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и IэщIагъэлIхэр зи пашэ етIуанэ гупым хуагъэуващ сырьем елэжь комплексым IуэхущIапIэхэм, ар зезыхьэ дунейр хъумэныр и хуэдэкIэ къызэгъэпэщыныр. ЕщанэкIэ плIанэ гупыр къызэригъэпэщащ КъБР-м ДыкъэзэгъэужьнэхукIэ Урысейм и Iуэхухэмкiэ министерствэм и деж. Абыхэм псыхуэ хэр, псыхъуамэ хэм къедза щIыналъэхэр, канализацэм икIи псы фIейр щагъэхьэбзэ щIыпIэхэр, пхъэнкIийм, кIэрыхубжьэрыхухэм я идзыпIэ хэр зэрызэрахьэр къапщытэ.

Япэ махуэхэм зэрыщагъэжьам хуэдэу, лэжьакIуэ гупхэм зэфIагъэкIхэр дяпэкIи щIэ х-щIэхьыурэ хэIущIыIу ящIынущ. Япэрауэ, ар иласытым и органхэмрэ къэпщытакIуэ IэнатIэхэмрэ щIыхуэзэ я пашхьэ щащI отчет хуэдэу мэхъу. Мыдрейуэ, республикэм щыпсэухэм я гулъытэр хуэунэт псыежэ хэр зэрауIэтIыныр бдзэжьейр Iэсраф зэрыщIымрэ икIэщIыпIэкIэ къызэтегъэувэн зэрыхуейм. ЭкологиеикIи щытыкIэр мы зэманым апхуэдэу псынщIэу зэрахъумэр, ар къызэгбгъэун хъунукъым. Апхуэдэу гулъытэ ещIынущ цIыхухэм.

Мы тхыгъэм нэхъ къыщызэтыщIэну сыхъу этIэ бдзэжьейр Iэсраф зышIэхэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа рейдхэм къарикIуахэр. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, мы хабзэншагъэр псыежэ хэм, абыхэм хэс псэущхьэхэм зэрыхуэ рыгъуэщ, ахыхьэ жыгэ. ПцIы зыжумыIэну, ар щыкIэ игъэкIуэкIа рейд гупхэм къадащIэн хуейщ. Абы къыхэкIыу, бдзэжьейр щыхъэуращ зыпсыхъэу. Ди Iэсраф зэрщIыгъуэм къатащ псыхэм хъуасдэгъэхъуэ бдзэжьейм псэхъуэ.

Ди псыежэххэм бдзэ жьейуэ хэсыр иужь илъэсхэм нэхъ мащIэ хъуурэ екIуэкIыр пэтми, зэманми хабзэм къемызэгъыу бдзэжьей ещэхэм, «электрокъунтх» зыфIаща IэмэпсымэкIэ бзаджэ мкIэ бдзэжьей ещэ и зэтрахьри тхьэмщIэр...

...къызэрагъэкIасэр къагъэпкIуэкIыну. Абыхэм ещIы ушх хуэдиз хъун къыхуэщIыжыгъуэ и къыдэлъхьэн хуейр. Апхуэдэ зы бзэрэ инэхъыбэу ягъэлэжьэныр зэхэсыщ. Ягъэбзэхъуэхъум и, хэнадымхэм кыщIэхъу зэрызащIэм къызэрыхуэр...

IуфIэм щрихьэлIащ бдзэжьей зэрещэну хуимыт Iэмэпсымэхэм зыбыгъ гупым. Псыр зыхъумэхэм протокол ятхыну зэрыхуежьари, хабзэм тету хуагъэува Iуэхухэри абыхэм зыун кърадзакъым икIи инспект орхэм кърадж а милицэр къэсыу псоми загъэпщIыкIужащ. Иджы ахэр Бахъсэн РОВД-м и лэжьакIуэхэм къалъыхъуэ жэуапым ирашэлIэн папщIэ.

Хабзэхъумэ IэнатIэм щыщ цIыху щхьэхуэхэр къуэншэу зыщIахэм къыщыщIэхъуэжыр, уполномоченнэ инспекторхэм зэран щахуэхъу урохьэлIэ. Бдзэжьейм хугу щипхъ эзманым къамыубыдын папщIэ Шэджэм, Налшык, Аруан псыхэм кIэлъплъыныгъэ щызэгъэкIуэкI гупым хэтхэм 2007 гъэм накъыгъэм и 22-м, пыхьэщхьэ хуэкIуэу, гу лъатащ цIыхуитI Налшыкрэ Аруанрэ щызэхэ хуэжым деж хэытедзэкIэ бдзэжьей зэрыщещэр. Уполномоченнэ инспекторхэм ахэр хэтми иIахь йощIэхъужакIэ, мызэ хэхащIыхьа къэщIэ...
Мы Iуэхум теухуа хыбарыр КъБР-м щыIэ МВД-м хуагъэхьащ зи къулыкъур апхуэдэ щIыкIэкIэ къызыгъэсэбэпа лэжьакIуэр къызэуну Iуэхур зэхагъэкIын папщIэ. КъэралкIуэщI IуэхухэмкIэ министерствэм КъБР-м щыIэм къигъэхьыжа жэуапым зэритымкIэ, апхуэдэ Iуэху къемызэгъ зылэжьар захагъэкIащ икIи къызэрыщIэ IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и прикакIэ ар жэуапым ирашэлIащ.

Республикэм и Президентым къигъэува пщэрылъым тету, экологиер зэтегъэувэным хуэунэтIа лэжьыгъэр иджыри йокIуэкI. Абыхэм теухуа рейдхэр яуха нэужь, ди ахэм я хъурыфэ шынагъуэншагъэм хэгъэзэщаэм къыщызэфIэмыхуэр щыIэхэр IэщIагъэлIхэм зэхалъхьэжынущ, КъБР-м и Президентым и пашхьэ отчет убгъуа иралъхьэну.

Дэри ди мурадщ экологиер хъумэным пыщIауэ адрей лэжьакIуэ гупхэм зэфIагъэкIхэм мыбы къыкIэлъкIуэну тхыгъэхэм зэпкърыхауэ дыщытепсэлъыхьыну.

НУАН Мурат,
КъБР-м и Президентым и Администрацэм экономикэ шынагъуэншагъэ IуэхухэмкIэ и управленэм и консультант.

●Жыжьэ - гъунэгъу

Зеикъуэ щыщ колхоз гъукIэхэр

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и етIощIанэ гъэхэм я кIэухым мэкъумэш къэкIыгъэхэр Зеикъуэ къуажэм зэрыщащIэр вырэ шырэ зэщIащIэ гъущI IэмэпсымэхэмкIэ. Ахэр зэгъэпэщыжынымкIэ, дагъуншэу къагъэсэбэпынымкIэ щIэгъэкIуэнышхуэ хъурт гъукIэхэр.

Колхоз къыщызэрагъэпэщами, совет цIыхубэр фашист зэрыпхъуакIуэхэм щапэщIэтми, хозяйствэм и хэхъуэхэр сом мелуанкIэ къибж щыхъуми, гъукIэ IэщIагъэм мыхьэнэ нэхъыщхьэ дыдэ иратырт, ахэр нэхъ пщIэшхуэ зыхуащIхэм ящыщт.

А ЛЪЭХЪЭНЭМ колхозыщIыр зезыхьэхэм къагъэсэбэпырт пхъэIэщу 180-рэ, зэрылажьэ вырэ шыуэ 1080-рэ, выгушыгуми 540-рэ, къитхъитIу зэгуэту 220-рэ, мэкъу зэреуэу 20, уанэшии 120-м щIигъу, япэ т чырбыш, кхъуэщын щащI, сэку заводхэр, пхъащIэ, слесарнэ лъэщапIэхэр, хьэлъэзешэу 5-рэ зы машинэ зэрыIэщIэ, псыкIэ лажьэу щхьэлипщI, нэгъуэщIхэр.

Абыхэм яхуэзэфIэкIырт колхозым вапIэу иIэ гектар мини 4,5-м щIигъур зэрахьэн, мэкъупIэрэ хъупIэу гектар мини 14-м IэщIыхьэу мини 5-м щIигъу щIыгъэ, абы щыщт жэму мин 1,5-рэ, шыуэ мини 2,5-рэ, мэлрэ бжэну мин 70 хуэдиз, джэд фермэ.

А мэкъумэш IуэхущIапIэшхуэр гъукIэным епха IуэхухэмкIэ къызэрагъэпэщырт цIыху 12-м. Ахэр колхозым и унапIэ, щапIэ 12-м тету эщат.

ГъукIэ IэщIагъэм фIы дыдэу хищIыкIырт Быре Щыхьбан, и гъэсэнхэм яхэтырт: «Дэтхэнэ зы цIыхуми и лэжьыгъэм кьыпэкIуэну ехъулIэныгъэхэр зэльытар и IэщIагъэм зэрыхищIыкIырщ, и хъэл-щэнырщ, и IэнатIэр къызэрызэригъэпэщырщ. ТIэмэпсымэхэм я фIагъыр нэхъ пщIэ зыхуэпщIынур гъэдэт гукъыдэжырщ. Ар псом хуэмыдэу дэхьэлIащ гъукIэхэм. Дяпэ итахэм хуэдэу, фIыу э дыщIыгъуазэу щытын хуейщ Iуэхур къызэгъэпэщын зэрыхуейм, гъущI къэгъэлъпэами щIыIэми «эрелIэзапхъэм», ар зэрызэпагъэвахэм я щIэхуэхэм, псом хуэмыдэу, зэрапсыхым, къэплъа нэужь, абы игъуэт плъыфэм елъытауэ: хъэузафэм, дыщафэм, плъыжьыфэм, морафэм»...

АтIэ а зэманым ирихьэлIэу Щыхьбан и гъэсэнхэр зэу еджэнми тхэнми щымыгъуазэхэм, я нэхъыжьым и деж а IэщIагъэм щыхуеджэрти, щхьэж и лэжьапIэ IэнатIэ гъащIэм къыщигъэуэтыжырт, и лъагъуэ щыхуишыжырт, гъукIэным и щхьэхуэхэм къанэ щымыIэу щыгъуазэ я гъуазэ Iущым и нэIэ къэтетурэ, езыхэм я IэкIэ щIэныгъэ зырагъэгъуэтырт. ГъукIэм къызэрагъэхьэм къуалэхэм ИхуэдэхэкIащIэр щIадэгъэхэр. Абыхэм яздэти дэтхэнэми егугъуу и кIэщIапIэ зэрызэгъэпщыхьэжыр, зыхуеину IэмэпсымэкIэ яхуари щIилъэхьэжырт, зэрызыбэу кънщтэным хуэхьэзыру...

Кърыщхэр къыщызэIуахыну дакъыкъэ гуфIэгъуэр къэсырти, жызэур зэщIагъэлъхьырт, къуажэдэсхэр гъукIэ нэкъыбыхьэм и Iуэху фIы хъуну къехъужъурти, абы и лэжьыгъэм щIидзэрт, артелым иригъэкIуэкI мэкъумэш щIыным сыт и лъэныкъуэкIи сэбэп хъуну.

Зэрыкъуаж ху ирипагърт колхоз гъукIэхэм. Гъэм и кIуэцIкIэ абыхэм шыгу, выгу зырыкъуэ зэригъэпэщыжырт е щIэуэ пхъэIэщхэр ящIырт. Ыы, шы минхэм нал щалъхьэрт, колхозыр зэрыхуеину псори яIэдакъэ къыщIэкIырт.

А гъукIэ Iэзэхэм, лэжьакIуэшхуэхэм ди къуажэм и тхыдэм хуэфэщэн увыпIэ щагъуэтын, щалэгъуалэм ящIэн папщIэ сыхуейт я цIэ-унэцIэхэр къиуслIуэну: ГъукIэ КIурашэ IэнкIэр, Хъэщыкъу Хьэсет, Быре Щыхьбан, Соблыр Уэсмэн, Що джэн Мухьэмэд, Хьэщэ ХьэтIалэ, Шурдым Адамис, Бжьыхьэл Зубер, Нэхущхэ Къанщобийрэ Мэтджэрийрэ, Хьэгъур Iэдэм, Хьэмырзэ ТалъостIэн сымэ.

ДЖЭДГЪЭФ Аслъэмырзэ.
Бахъсэн район, Зеикъуэ къуажэ.

●Щапхъэ

Махуэ къэс

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгъухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъуну махуэшхуэм Налшык щIэгъэхуэбжьауэ зыхуегъэхьэзыр. Псалъэм и хьэтыркIэ, къалэм и IуэхутхьэбзэIэнатIэхэм яхэту къыщIэкIынукъым бжьыхьэпэм дгъэлъэпIэну а махуэшхуэм ехьэлIауэ Iуэхугъуэ куэд зымылэжь.

АБЫХЭМ ящыщщ ЖЭК №4-ри. Абы къылъос къалэкур, цIыхубэ нэхъыбэ щызэхуэсыну уэрам нэхъыщхьэхэр: Головко и цIэкIэ щыIэм къыщыщIэдзауэ Осетин уэрамым нэсыху. Араши, я къалэнхэр фIыуэ ямыгъэзащIэу хъунукъым. ИкIи а IуэхущIапIэм и унафэщI Мырзэкъан Борис, инженер нэхъыщхьэ Гугъуэт Толи, адрей лэжьакIуэхэри егугъуу IэнатIэм пэрытщ. КIэщIу жыпIэмэ, «пщэдей» ягъэкIуатэ Iуэхугъуэ яIэкъым - зыбгъэдэува IэнатIэр а махуэм и кIэм нагъэс. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм зыхузэлэжьа цIыхухэр арзэыь ещI.

Къат куэду зэтет унэхэр зыхуей хуэбгъэзэну нэхъ тынш щ: абыхэм газри псыри хьарзыну йокIуалIэ, профилактикэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкI махуэхэм къищынэмыщIа. Куэншыб дэшынри тэмэму йокIуэкI. КъинэмыщIауэ, цIыхухэм зыгуэркIэ зыхьхуэягъэзэзэмэ ар бгъэззэщIэнуми нэхъ тыншщ: зэгъунэгъуу мэпсэухэр. Гугъу зыдехъыр щIым щыт унэхэращ. Апхуэдэ унэу мы IуэхущIапIэм хиубыдэр 70 мэхъури, щыпсэухэм хабзэр зымыIэзащIэхэр куэду къахокI. Псалъэм папщIэ, я куэнышбыр тхьэмахуэм къриубыдэу тIэу, гъубжьмрэ мэремымрэ, дашын хуейуэ арыщ, ауэ а плIэхъэм емыкъу, я пхэнжкIэр пщIантIэм кьыдахри уэрамым щракIут, узэримыгъаклIуэу. ПсэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм апхуэдэ мыхъумыщIагъэ зыщIэхэр къалъыхъуэ ешэлъэн хуей мэхъу, мыхьэнэншэу зиIэ Iуэхугъуэхэм емылъэкъуф. Псалъэкъ щыIэщ «Бгъэкъэбзэн хуейуэ аракъым - къиумыуфIеин хуейуэ аращ», жыIэу. Ар къыщыгуримыIуэ, къызыфIэмыIуэху куэду къытхэтщ: тутын нысхуэфхэр, птулкэ нэщIэхэр, тхыпхъэмIэлхэр къыщэхухэм щыхыфIадзэу.

Гугъуэт Толэ зэрэхылъымкIэ, республикэм и МВД-м къыщызэгъуан хуейщ къабзагъэр къызыфIэмыIуэхуу ди къалэ дахэр зыущIэпIэхэм яIэлъылъ, абыхэм тезыр ятелъхьэ хъунщ. Апхуэдэ Псыхуабэ щыIэщ.

«Адыгэ псалъэр» къагъэсэбэпу, мы IуэхущIапIэм и унафэщIхэм цIыхухэм лъэIукIэ зыхуагъазэ къабзагъэм хуэсакъыну.

Иджыпсту мыбыхэм я Iуэхур хьарзыну зэтеухуащ, лэжьакIуэхэр ирикъуу яIэщ, гъущI зэпызыгъавэ бригадэр 2 мэхъу, транспорткIи къызэгъэпэщащ. Абыхэм яхуэзэфIэкI махуэм къриубыдэу лъэIу 20-30-м нэс ягъэзэщIэн. ЖэщIым хэкIуэтэху лажьэхэми, Iуэхур и кIэм намыгъэсауэ къыпрахыкъым лъэныкъуэ. Аращ мы ЖЭК-м и лэжьакIуэхэм я Iуэхур щIыцэмымыхэр. Абыхэм иджыпсту Iуэху куэд къарахъэкъащ: унэ щыбхэр, екIуэлIапIэхэр зэрахъэ, пщIантIэхэм дэт сабий джэгупIэхэр ягъэщIэращIэ, унэхэм хуэкIуэ гъуэгухэр зэрагъэпэщых. МэлыхькъынкIэ къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и зэхуэдитIым нэсыху унащхьэр метр зэбгъуэнатIэ 1.500-рэ ягъэбадэщ, унэ щыбу метр зэбгъуэнатIэ мини 2, уни 6-м я щыхьэпIэхэр зэрахъэщ.

Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым ди республикэм и къалащхьэр махуэ къэс нахъри щIэращIэ, дахэ хъуурэ зэрекIуэкIым. А лэжьыгъэм 4-нэ ЖЭК-м и гуащIэшхуэ хелъхьэри, иджыри апхуэдэу гукъыдэж яIэу лэжьэну дехъуэхъунщ.

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и мэкъумэш хозяйствэхэм куэд лъандэрэ къыдекIуэкIа лэжьыгъэхэм ящыщщ жыг гъэкIыныр. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, а Iуэхур къэIэтыжыным мыхьэнэшхуэ иIэнущ ди республикэм и экономикэм декIэ. Зэманым сыткIи къеэзгъ жыг хадэхэр гъэкIыным, пхъэщхьэмыщхьэ къехъэлIэжыным, ахэр хъумэным, шхыныгъуэ зэхуэмыдэхэр къыхэхыкIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм къуажэдэсхэм зэрыпсэун къыхахыфынут.

КъБР-м и Президентым ди республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ 2007 гъэм я къалэн нэхъыщхьэу игъэбелджылыуэ Зэрызахуигъэзам Iуэхугъуэ пэрытхэм ящыщу къыщигъэлъэгъуащ жыг хадэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIа программэ. Ар зэрыпхыкIын, щхьэрысэ къэралыгъуэ программэ мэкъумэш хозяйствэм и зыужьыныгъэм теухуахэм дохъэхьэ зэрыхуейр. Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыхьэхъэмкIэ и министерствэмрэ Бгъилъэ щыIэпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIынэгъ-къэхуугхаIуэ институтымрэ мы Iуэхур зэфIэгъэкIыным иужь ихьащ: хэкIыпIэ нэхъыфIу къалъытэр «карликовэ» пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр хэсэныращ. ЩIэныгъэлIхэм къалъытэ жыг лъахъшэхэм куэд лъандэрэ елэжь къэрабжьэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр къэгъэсэбэпын хуейуэ. ЕтIуанэ илъэсым къыщыщIэдзауэ къызэпылъхьэ жыгхэм, лэжыгъэшхуэ трамыгъэкIуэдэу, фейдэ къаритын щIедзэ. ИлъэсиблыМ нэса мыпхуэдэ жыгым хозяйствэхэм къыпах пхъэщхьэмыщхьэр хуэдэкIэ нэхъыбэщ, ди щIыпIэхэм нобэм къэс щыхасэу щыта жыгышхуэхэм нэхърэ. Ауэ щыхъукIэ, зы гъэ дамыхьыу, илъэс къэс куэду къапокIэ. КъыпыкIэн щыщIадза етIуанэ илъэсым къыщыщIэдзауэ, илъэсибл нэсыхукIэ, ди щIыпIэхэм къытщIэ зэзым къыпыхуэрэ жыгым икIи кIыгыуэхэм хуэдэ куэд нэхъыбэ щIамыгъэзэджэу къалэщIэ...

Я хъуэмэ Iэтэуа хуэдэу плIэ хуэдэ хуэщIын хуейщ гектар зы лъабжьэшхуэуэ. ... Ар пэжкъым. Абыхэм къапокIэ илъэс 20 - 30-м нэсхэр... гектар 80-щ, цIыхуу ягъэлажьэр 10 хуэдизщ. ...

● Мэкъумэш IэнатIэм

Жыг лъахъшэхэм трагъэгушхуэ

...Мы зи гугъу тщIы хозяйствэхэм, бдзэндырыяхьэ мыхь щхьэхуэхэми нэхъыбэу къыщIэкIынщ хужьыу гектар 80-щ, цIыхуу игъэлажьэр 10 хуэдизщ. Мы хабзэр къызэрызэдэр, гектар мин 35 - 40-м, абы къыхэкIыу жыгыгъуэкI-щIыналъэхэм жаIэ ди республикэм и хозяйствэхэм жыг лъахъшэ лъэпкъыр ягъэкIыныр къеэзгъыу.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Андемыр.

● Сытхэр уи псэукIэ, къуажэ?

Псынэдахэ и Iуэху дахэ?

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ жылагъуэр къуажитIу зэхэтщ - Псынэдахэрэ Бэтэхъу, зы унагъуэм хуэдэурэ зэдопсэу.

Къуажэ администрацэм и унафэщI Жыджэт Ниэ ээрыжиIэмкIэ, адрей жылагъуэхэм хуэмыдэу, Псынэдахэр нэхъ хъума хъуащ: лэжьыгъэ дэлъщ, IэнатIэр псоми яхурымыкъуэ.

ЦIЫХУИ 120-рэ щолажьэ «Псынэдахэ» мэкъумэш хозяйствэм. Фермэм жэми 150-рэ, IэщIэвыщIэу 300, шкIэуэ 200 иIэщ. ИрагъэшхынукIэ мэкъумылэри ирапхьэтщ. ЛэжьакIуэхэм я улахуэр сом мини 4-5-м нос икIи и чэзум ират. Пенсэм кIуа нэхъыжьхэри щIалэгъуалэм ядоIэпыкъу. МэкъумэшыщIэхэм я IэнатIэр псэемыблэжу ягъэзащIэу, гъавэр и чэзуэ халъхьэ, и зэманым Iуахых.

Щыбр бэджэнду къэзыщтахэр 23-рэ мэхъу: зэгуэуба IуэхущIапIи 2-рэ бэджэндырыхьэу щIэхъуэу 21-рэ. «Псынэдахэ» мэкъумэш хозяйствэм вапIэу гектар 1227-рэ, хъупIэрэ мэкъупIэу 934-рэ, жыг хадэу 62-рэ иIыгъщ. Шэт МэчрэIил зи унафэщI мы хозяйствэр щIым зэрелэжь, гъавэр зэрыIуахых, нэгъуэщI зыхуеину техникэкIэ хьарзыну къызэгъэпэщащ. Жылапхъэ кIи щIэгузэвэн щхьэусыгъуэ яIэкъым: ахэр езыхэм къэрагъэкIыжауэ къудейм къыщымынэу икIи яIэщ. Абы ирахъэлIэ минералнэ щIыгъэпщэрхэри куэншыбри зэрыхуейм хуэдизу халъхьэ.

ЕтIуанэ мэкъумэш хозяйствэм - «ЮгагросервисИм» - и зэфIэкIхэр фIыуэ нэхъ мащIэщ: щIыуэ иIыгъыр гектар 80-щ, цIыхуу игъэлажьэр 10 хуэдизщ.

Мы зи гугъу тщIы хозяйствэхэм, бджэндырыхьэхэм щхьэхуэхэми нэхъыбэу къыщIэкIынщ жыгхэри. ЩIыр нартыхурэ гуэдзрэщ, ауэ хасэ хьэи, сэхурани, кIэртIофи, зэнтхьи, нэгъуэщI къекIыгъэхэри. Гъавэ хьарзыни къытрахри, бджэнд уасэри и чэзуым ират. ЛэжьакIуэхэм я улахуэри и зэманым яIэрохьэ.

Лъэпкъ проектхэри сэбэп къахуохъу икIи дэтхэнэ зыри хущIокъу субсидие къыIихыу и псэукIэр зэрызэфIэкIуэным. Администрацэм и лэжьакIуэхэми ахэр зыхуеину щыхьэт тхылъхэр хуагъэхьэзыр, зи Iуэху хуэмыщIахэм, лэжьапIэншэхэм ядоIэпыкъу.

Псынэдахэ дэсщ гъэ кIуам къэралым сом мини 100 зрита унагъуэщIэ. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ зыгъуэтахэр зэрори 9 мэхъу. Унагъуэ 14-м ахъшэ хъумапIэм кредит къыщащтэри, Iэщ къащэхуауэ ягъашхэ. Апхуэдэ щапхъэм иркIуэну зи мурадхэри къуажэм дэсщ. Ссудэ къеIызыхахэм яхэтщ унэ къызэщызышуэ псэуалъэ ящIыным щхьэкIэ зыхуеинухэр зэзыгъэпщи. КIэщIу жыпIэмэ, къуажэр лъэпкъ проектым дефIэкIуэну гугъапIэхэр щыIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгъухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъэпIэну махуэ шхуэм хуэзыщхуагъэхьэзыр Псынэдахэ. Абы теухуауэ зэхэсэу-хуэхэр, зэIущIэхэр, концертхэр ирагъэкIуэкI.

- ЩэнхабзэмрэхыбагъэмкIэ IэнатIэхэмкIэ министерствэм къикIыурэ къурдэ комиссэ ди унэм ирэплъ, ремонт ящIынуи мылъэ-мытIэу дыкъагъэгъэщ, ауэ Iуэхур и пIэ икIыркъым. Зи лъабжьэр сфIыгъэу зи блынхэр нэхъ гъэча, мывэ плъыжь дахэм къыхэщIыкIа а унэр зэфIэгъувэжыным ахъшэшхуэ текIуэдэнущ. Жыы ахъэ унащхьэри зэхъуэкIын кIэ унэм и унафэщI АфIэдыгъуэ Ларэ, - апхуэдэу щытми, ар щхьэусыгъуэ тщIыуэ ди лэжьыгъэр зэпыдгъэуркъым. Иджыпсту илъэс 450 юбилейм зыхуэдгъэхьэзыр, курыт еджапIэм и пэщыш-

хэр къэдэгъэсэбэпурэ. Абы ехъэлIауэ районым щрагъэкIуэкI зэпеуэхэм жыджэру дыхэтщ. Псалъэм папщIэ, адыгэ IуэрыIуатэм, хабзэм теухуауэ мэлыжьыхьым екIуэкIам япэ увыпIэр къыщытхьащ, накъыгъэм лъэпкъ творчествэмкIэ екIуэкIа фестивальм Шаду Алинэ 3-нэ увыпIэр къыхьащ. Иджыпсту районым щрагъэкIуэкIыну «ПщэдджыжьыгъуэуэIыщIыхунтI худогъэхьэзыр. Юбилейр щагъэлъэпIэнущ Малкэ щыIэ «Алые зори» лагерым. Абы къуажэ къэс щIы зэбгъуэнатIэу метр 60 щыхуагъэхуащ, ар зэлъыIуах, ягъэкъабзэ. Псынэдахэм и щIыкIапэм чым къыхащIыкIа унэ цIыкIуэхэр щагъэуващ, пщIэр щащIащ, бжьыхьэкIи къахуыхьэщ, абы гуатху. Абы хэтынур щалэгъуалэри, еджакIуэ цIыкIухэри, нэхъыжьыIуэхэри - псори цIыху 30 хуэдиз.

Апхуэдэу щытми, ЩэнхабзэмкIэ унэ нэхуэкъуэ тэрэ я гукъеуэщ псынэдахэдэсхэм: ущIыхьэ хьурькъым, зыгъэпсэхупIэ яIэкъым.

...И фIэщыгъэщIэм ещхьу, и теплъэкIи къуажэ дахэщ икIи зэщIэкъуауэ мэпсэу Псынэдахэ. ИтIанэ мыбы зэманыщIэ-псэукIэщIэм и лъэпощхьэпохэр, гугъуехь-хэр къыпэгъуэщ. Абыхэм ящыщщ къуажэм щыIэ гъуэгухэр, абы ухуэзыщIэр хуабжьу кумблъэмб зэрыхъуар - ахэри зэрагъэпщыжын хуейуэ къэпщытэщ. А Iуэхугъуэхэм щхьэкIэ сом мелуан 1,5-рэ къратыну къагъэгугъауэ поплъэхэр...

ЧЫНТ Чым.
Дзэлыкъуэ куей.

Унагъуэ насып

●Дифi догъэлъапIэ

Къанло Руслан и унагъуэр.

Цыхур дунейм къыщытехьэкIэ, и насыпри къыдалъхуу жаIэ. Насыпыр Iыхьэ кудэ егуэш. Сабиигъуэ насып, щалэгъуэ насып, унагъуэ насып, и кIэм а псори зэхохьэри, жьыщхьэ махуэкIэ дызэджэ плъэр къос. Пэжщ, а псори зэгъусэу зрипэр мащIэ дыдэщ.

НОБЭ зи гугъу фхуэсщIыну, Налшык къалэм щыпсэу Къанло Руслан сабиигъуэ насып иIауэ пхуэжыIэнукъым. Махуэ плIыщI фIэкIа мыхъуауэ адэншэу къэна щIалэ цIыкIур куэдрэ хуэныкъуащ абы и псалъэ гуапэм, и лъагъуныгъэм. МащIэ нэпси щIигъэкIакъым абы, и ныбжьэгъу щIалэ цIыкIухэм я адэхэр ящыгъуу щилъагъукIэ ехъуапсэурэ. Гугъу ехьу зыпI и анэр зэхищIыкыу, зэгуэр абы и гъащIэр тыншу зэрищIыным щIэхъуу къэтэджа Руслан ерыщу и мурадым хуэкIуащ. Анзорей курыт еджапIэр къиуха нэужь, ар дэп къулыкъум ирашэжащ. Къулыкъум щIэхъуу гъуазэм къилъэщIэр зэрыс, бгъуэбым пэ зыщIы зауэ-тенджыз флотым ильэсищкIэ хэтащ.

Дзэ къулыкъур ехьулIэныгъэкIэ къирихьэлIа нэужь, Руслан Налшык дэт станок щащI заводым мастеру лэжьэн щригъэжьащ. ЩыгъэтуIэ щIэ къэкIапIэ ильэсищкIэ пэрытащ, 1979 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм щIалэщIэм и зэфIэкIхэр къалъытэри, цехым и унафэщIу ягъэув. Ильэс 17-кIэ Руслан а IэнатIэр зэрихьащ, пщIэрэ нэмысрэ иIэу, зыдэлажьэхэр къыхуэарэзыуэ, унафэщIхэми я фIыщIэ къыхуэ. Ильэс къэс я лажьыгъэ планым щIрагъэгъуэщ, щытхъу тхылъхэр къыхагъэщащ, гъуазэ щIэрыбыуэ зэдэлажьэрт. Руслан и лэжьыгъэфIым я щыхьэтщ нобэ я унагъуэм щыхъумэ дамыгъэхэр. Ахэр куэд мэхъу, нэхъ лъапIэу къилъытэхэм ящыщщ 1984 гъэм Москва къыщарэта, станок къыщIэзыщIыкI промышленностым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Комитет нэхъыщхьэм и ЦIыхь дамыгъэр, ВДНХ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэр, 1997 гъэм коллективым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэфIым папщIэ къыхуагъэфэща цIыхь тхылъыр.

- Сэ лэжьыгъэкIэ ехъулIэныгъэ гуэр сиIауэ щытмэ, абыкIэ фIыщIэ лей хуэфащэщ а зэманым станок щащI заводым и инженер нэхъыщхьэу лэжьа, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат МэшыкъуэХьэсэнбий, - жеIэ Руслан. - Ар акъылышхуэ зыбгъэдэлъ, зэфIэкI лъагэ зиIэ цIыху телъыджэщ. Зи псэм псэху имыщIэ Хьэсэнбий сэ схуэхъуащ гъэгугъэлъагъуэ нэс. Ар дэтхэнэ зы лэжьакIуэми сытым деж чэнджэщIэгъу, дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну къыщIэт. Си щхьэкIэ а цIыху хэлъэщIытэ си хуэшхуэдэщ къызэрыслъытэр. Иджыпсту дэ тIури дыщолажьэ высоковольтнэ аппаратурэ щащI заводым. МэшыкъуэIэр заводым и тхьэмадэщ, сэ цехым сриунафэщIщ. Ялэми хуэдэу, дызыпэрыт Iуэхур зэредгъэфIэкIуэнын, гуп зэкъуэту дызэрыщытыным псори дыщIокъу. Ди продукцэм куэдрэ къыщызэгъэфIэкI Урысейм псом нобэкIэ щыIэр ди завод закъуэрщ. Ди IэдакъэщIэкIхэр хэмэ къэзэгъыэ пэтщ. Заводым щолажьэ цIыху 370-рэ. Абыхэм я улахуэр мазэм сом мини 8-9-м нос икIи и чэзуым яIорохьэ.

Къанло Руслан апхуэдизкIэ гуапэу и лэжьыгъэм топсэлъыхьыр, нэрылъагъущ абы и гъащIэр щиубыд увыпIэр.

Къанлом сабиигъуэ насып имыIами, жыпIэ хъунущ абы унагъуэ дахэ зэригъуэтар, жыыщхьэ махуэ гуапэм зэрыхукъэхьар. Русланрэ абы щхьэгъусэ хуэхъуа Шагъырэ япхъу Ферирэ пщIэрэ нэмысрэ яку дэлъу, зым и Iуэхур адрейм диIыгъыу къыздэдоIуэгурыкIуэ. И щхьэгъусэр гугъу ехьу къызыхьэлъауэ зыщIэ Ферирэ къэзыдэсам хущIокъу и сабиигъуэм зыхущыщIа гуапагъэмрэ хуабагъэмрэ Руслан и унагъуэм зэрыщигъуэтыным. Фенэ Фенэ нобэр къыздэсым ущIокъу и сабиигъуэм зыхущыщIа гуапагъэмрэ хуабагъэмрэ. И IэщIагъэкIэ медсестращ, куэдым сэбэп яхуохъу, гущIэгъушхуэ зиIэ цIыхубэ хьэлэмэтщ. Абы и щIыхьэтщ Феня и лэжьыгъэм, ар къэзыщIыхухэм къыхуажьэ псалъэ гуапэхэр. Зи IэщIагъэм хуэпэж цIыхубзыр лэжьыгъэм и ветераншщ, категорие нэхъыщхьэ иIэщ. Феня ильэс 37-рэ хъуауэ пэрытщ и IэнатIэм, иужьрей ильэс 14-м республикэ клиникэ сымаджэщым щолажьэ.

Зэщхьэгъусэхэм быниIт задапIащ. Япхъу Светэрэ я къуэ Муратрэ щIэнигъэ нэхъыщхьэхэр яIэщ, унагъуэ дахэхэщ. Нобэ зэщхьэгъусэхэм ягъэгуфIэ я пхурылъху-къурылъхухэу Лианнэ, Мурэ, Даянэ сымэ я ехъулIэныгъэхэм.

Мы махуэхэм Къанло Руслан и ныбжьыр илъэс 60, зэщхьэгъусэхэр зэрызэдэпсэурэ илъэс 35-рэ ирокъу. Ди гуапэу дохъуэхъу я унагъуэ насыпыр нэхъри куу хъуну, узыншагъэ быдэ яIэну, я бын дыгъэлхэм я гуфIэгъуэ зэплъэу иджыри илъэс куэдкIэ зэдэпсэуну.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ.

БЕСЛЪЭНЕЙ Владимир

ЛъыщIэж

●Хъыбар

Таурыхъым ещхь, 1909 гъэм къэхъуа мы хъыбарыр - Астемырхэрэ Уэлджырхэрэ я зэхуаку къыдэхъуа хьэргъэшыргъэм теухуар - Бесльэней Владимир и тхылъ «Зэманкъул аузым и щэхухэр» жиIэу иджыблагъэ къыдэкIам гъэкIэщIауэ кърихыжащ Уэлджырхэ я лъэпкъым и тхыдэр, и къуэпсыр зэхуэзыхьэсыж, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, бэнэкIэ хуитымкIэ спортым и мастер Уэлджыр Чермен Iэубэ ч и къуэм. ЗэгъэкIуауэ адыгэбзэкIэ зытхыжар Сокъур (Уэлджыр) Тамарэщ.

АСТЕМЫРЕЙ адыгэ къуажэжьым щыпсэурт Уэлджыр Нахъуэ и унагъуэр, щIалийрэ хъыджэбзитIрэ яIэу.

Къуэ нэхъыжьхэр къыдэкIуэтейри, я адэм дэIэпыкъуу щIадзауэ унагъуэр хъарзынэу псэурт. Абы яIэт шыуэ тIощIырыпщI, выуи жэмуи апхуэдиз, мэл гуартэ. Ауэрэ щIалэ нэхъыщIэхэу Хьэжбий, ХьэтIыгуэ, Бемырзэ, Ахьмэд сыми балигъ хъури, ялъэкIыр ящIэурэ унагъуэр нэхъри хуэщIауэ псэу хъуащ.

Махуэ гуэрым, Хьэжбий и къуэш нэхъыщIэ Ахьмэд и гъусэу пасэу хъупIэм къикIыжащ. Я ныбжьэгъу БэгъуэтТIунэ фыз къишауэ и хьэгъуэлIыгъуэти, зэкъуэшхэр абы кIуэн хуейт. ГуфIэгъуэм ирагъэблэгъат лIакъуэлIэшхэу ХьэпцIэ хэ, Азэпщхэ, къуажэ старшинэм и къуэ Астемыр Долджэрий сыми.

Арати, хьэгъуэлIыгъуэм щIадзэри, джэгушхуэри зэхаублэ, щIалэгъуалэр къофэ, мэджэгу.

Утыкум къохьэ Уэлджыр Хьэжбий и къуэш нэхъыжь Данил. Джэгур здекIуэкIым лIакъуэлIэш ХьэпцIэ и къуэм Данил лъэныкъуэкIэ Iуегъэ-кIуэтри езым утыкур еубыд. И шынэхъыжьыр апхуэдэу зэригъэпудам къызэгуигъэпри, Данил и къуэш Бэчмырзэ, ХьэпцIэм и къафэр иримыгъэухыу, езыр къытехьащ. Ар, дауи, игу техуакъым ХьэпцIэм икIи Астемыр Долджэрий зыхуигъэзащ: «Астемырхэ я къуэ, мы фи пщIантIэхьэхэр мыпхуэдизу Iэл щхьэ хъуа?»

Ар зэхэзыха щIалэгъуалэр къызэроIэт, зэрызехьэшхуэ къохъу. ЛIакъуэлIэшхэр хэтщ къэхъуамкIэ къуаншэр Уэлджыр зэкъуэшхэрауэ къыщIрагъэдзыну.

КъызэрыIэтахэр зэтрагъэсабырэжу зэман тIэкIу дэкIыжа иужь, лIакъуэлIэшхэм, Астемыр Долджэрий я пашэу, Уэлджыр зэкъуэшхэм я нэхъыщIэ Хьэжбий лъэныкъуэкIэ Iуаш икIи щIалэ бэлэрыгъам и нэкIур Долджэрий и кIэрахъуэ дакъэмкIэ уIэгъэ къыхуещI.

Хьэжбий зызэтреубыдэри абдеж зыри щыжимыIэу унэм къокIуэжри и пэшым щIохьэж. И нысэ нэхъыжь Дыщэхъан абы псы, къубгъан, тас цIыкIу кIэлъыщIехьэри зрегъэтхьэщI. Абдежым Дыщэхъан гу лъетэ и пщыкъуэм и нэкIум лъы кIэрыгъуа зэрыкIэрылъым, [illegible]

- Сыт пщIэну ум мурадыр?

- Сэ ар абы хуэзгъэгъунукъым!

- Апхуэдэу щыхъукIэ, пэжым щIэзэу, ущыуэкIи къуэгъэнапIэм укъыкъуэмыукI, къыжриIащ Бэчмырзэ.

ЕтIуанэ махуэм Хьэжбий Iэщэ зыщIым деж кIуащ икIи къамэ хуищIыну гурыIуащ.

Зэманыр кIуэрт. Хьэжбий псэлъэгъуей, зэкIуэцIылъ хъуат, жэщи махуи зэгупсысыр Долджэрийрэ езымрэ яку къыдэхъуарт. Абы быдэу игу ирилъхьат Астемырхэ я къуэм кърипэса пудыныгъэм щхьэкIэ илъ имыщIэжауэ цIыхухэм яхэмыхьэнуи, гувауэ губгъуэм къокIыж, пщыхьэщхьэкIэрэ зыщIыпIи мыкIуэу унэм щIэсщ.

Зэман дэкIри, Хьэжбий и къамэр хьэзыр хъуащ икIи а махуэм щыщIэдзауэ Хьэжбий Iэщэр иIыгъыу фIэкIа къикIухьыртэкъым, Астемыр Долджэрий хуэзэу илъ зэрищIэжынми хуэхьэзырти, ар къыщыхъунум пэплъэрт.

Къуажэдэсхэм ящIэрт а тIум яку дэлъыр, ауэ иужькIэ Iуэхум накIэнащхьагъэ къыхэмыкIыжын щхьэкIэ, Хьэжбий Астемыр Долджэрий и адэм деж кIуэри жриIащ:

- Къазджэрий, уи къуэм псалъэ естащ и щхьэр пызупщIынуи, зрегъэхьэзыр, Iэщэ имыIыгъыуи кърехмыкIуэхь.

Абы и ужькIэ Долджэрий нэхъ сакъ хъуащ. Апхуэдэурэ екIуэкIыурэ мазищ хуэдиз дэкIащ.

Бжьыхьэ мазэу ЛIыIэщын Къасболэт и хьэгъуэлIыгъуэти, Долджэрий и бгырыпхым къамэри кIэрахъуэри кIэрещIэри, и ныбжьэгъухэм къаухъуреихьауэ, а ныIсашэм макIуэ.

А махуэм Хьэжбий и унагъуэ Iуэхухэр зэфIигъэхьауэ дэст. Абы ищIэрт куэд щаIуэ зыIущIэну хуей Долджэрий Къасболэт и хьэгъуэлIыгъуэм зэрыщыIэнури, къекIуу зихуэпащ, блынджабэм фIэлъ къамэр къыфIихри зыкIэрилъхьащ. Хьэжбий Къасболэт и хьэгъуэлIыгъуэм кIуащ, къэзыуIауэ щытам щIакIуэ кIапэ дытеувэн мурад иIэу.

Зыкъомрэ Хьэжбий бжыхьым деж щытащ пщIантIэм щекIуэкIым кIэлъыплъу. Куэд дэмыкIыу Хьэжбий къилъэгъуащ Долджэрий и зы ныбжьэгъу и гъусэу лъэныкъуэкIэ IукIауэ зыгуэрым тепсэлъыхьу. ИужькIэ, Долджэрий и псэлъэгъур къигъанэри кIыфIыгъэм хэбэкъуащ. Хьэжбий [illegible] Долджэрий и пащхьэм къитэхащ. ТIэкIу гупсысэри, Хьэжбий пщIантIэм дыхьащ. Абы джэгур и гуащIэгъуэу щекIуэкIырт, щIалэгъуалэр зэрызехьэрт. Ар пшынауэм бгъэдыхьэри, джэгур игъэувыIэну елъэIуащ. ЩIалэхэм захуигъазэри яжриIащ:

- Уэлджыр лъэпкъым щыщ псоми мы пщIантIэр псынщIэу фыбгынэ.

- Долджэрий! Дэнэ щыIэ Долджэрий? - жаIэу зэхэзежэ хъуащ Астемырхэ я щIалэгъуалэмрэ абыхэм я ныбжьэгъухэмрэ, Iуэхур зыIутыр къагурыIуауэ.

- Уэлджырхэр дэвмыгъэкI, феуэ абыхэм. Хьэжбий Долджэрий иукIащ...

Ауэ Уэлджырхэ, Хьэжбий я пашэу, кIыфIым хэшыпсыхьыжат. Зи кIэн къимыкIар илъэсипщI зи ныбжь Уэлджыр БытIущ. Астемыр ХьэпащIэ, иджыри къэс и ныбжьэгъуу щытар, и къамэмкIэ къеуэри БытIу и тхьэкIумакIэр пиупщIащ.

Астемыр Къазджэрий и къуэр зэраукIам и хъыбарыр къуажэм псынщIэ дыдэу щызэлъащIысащ. Жылэ псор зэрызехьэрт, абы удэсынуи шынагъуэншэтэкъым. Астемырхэрэ абыхэм я IупэфIэгъухэмрэ мыувыIэу Хьэжбий къалъыхъуэрт.

Нэхущым Къазджэрий деж Астемыр лъэпкъыр зэрыщыту щызэхуэсащ. Долджэрий зэраукIар абыхэм яхуэгъэгъунутэкъым. Нэхъ щIалэIуэхэр къызэрызэщIогъаплъэ, Уэлджырхэ зэрылъэпкъыу зэтеукIэн хуейуэ къыхалъхьэ. Ауэ абыхэм зрапщытыну зэкIэ тегушхуэртэкъым, сыту жыпIэмэ Астемырхэ цIыхухъуу яIэм нэхърэ Уэлджырхэ яйр куэдкIэ нэхъыбэти.

Арати, пщэдджыжьым къуажэр къызэхуос Долджэрий щIалъхьэну, ауэ Уэлджырхэ абы дагъэ хьэркъым. Я нэхъыжьхэми къепсэлъэн ядэркъым. Ар дэнэ къэна, Астемыр Елбахъсит Уэлджырхэ зэрылъэпкъыу къуажэм дэ хун хуейуэ къегъэув.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, пщэдджыжь нэмэз нэужьым къуажэм дэс нэхъыжьхэу Тэрчокъуэ Хьэжы-Машэ, Усейн Хьэжы-ТIалэ, Елбэн Хьэжы-Бэчмырзэ сымэ Астемырхэ я нэхъыжь Елбахъсит деж макIуэри йолъэIу Уэлджыр лъэпкъым апхуэдэ тезыр ткIий трамылъхьэну. Къуаншэм тефлъхьэ тезырыр жаIэ. Ауэ Елбахъсит абыхэм жаIэр и кIэм нримыгъэгъэсу къыщIегъэкIыж. Абы и ужькIэ, къуажэ тхьэмадэхэр Уэлджыр Нахъуэ деж макIуэ.

- Дэ Елбахъсит деж дыщыIащ, - къригъэжьащ ныбжькIэ нэхъыжь Бэчмырзэ. - Фи лъэпкъым къуажэм дамыгъэкIыну дельэIуат, ар тхуэчэнакъым.

- Абы къуажэм сэлэтхэр къишэну жиIащ. Абы аргуэру бэлыхь къызэрихынур хьэкъщ, - щIигъужащ ТIалэ.

- [illegible]

- Сэ фIыщIэ фхузощI ди лъэпкъым, фи чэнджэщым папщIэ, - къыщIидзащ Нахъуэ и псалъэр. - Апхуэдэуи, ди лъэпкъым щыщ псоми я цIэкIэ сыныволъэIу къытхуэвгъэгъуну къуажэр фызэрыдгъэгузэвам, фызэрыдгъэпIейтеям щхьэкIэ. Дэ мы къуажэм дыдэкIынщ, махуитI пIалъэ къыдэфтмэ.

Тхьэмадэ хэм Нахъуэ фIыщIэ хуащIщ, езыми и лъэпкъыми узыншагъэ яIэну къехъуэхъури щIэкIыжащ.

А махуэ дыдэм Нахъуэ лъэпкъ хасэр зэхуишэсри псори яжриIэжащ икIи щIигъужащ езыри и Iыхьлы гуэрхэм я деж Iэпхъуэну зэримурадыр. Адрейхэми апхуэдэ чэнджэщ яритащ, я щхьэр, лъэпкъыр яхъумэжын папщIэ.

- Сыт хуэдэу къыдэмыхьэлъэкIми, апхуэдэу тщIымэ нэхъыфIщ, - иухащ Нахъуэ и псалъэмакъыр.

ЕтIуанэ махуэм Уэлджырхэ загъэ хьэзыру хуежьащ. Абыхэм хъыбарегъащIэ зэбграгъэкIащ нэгъуэщI къуажэхэм дэс я благъэхэм, ныбжьэгъухэм я деж, къалъыса тхьэмыщкIагъэр ирагъащIэу. Къыхуагъэува махуитIым Уэлджырхэ зэрылъэпкъыу я къуажэжьыр ябгынащ. Гъуэгу махуэ теувэну, щIэхыу къагъэзэжыну я гъунэгъухэр, цIыхугъэхэр кIэлъыхъуахъуэу.

ЗЭМАНЫР кIуэрт. ЦIыхухэр я щхьэ Iуэху зэрахуэу ежьэжащ. И къуэр зэраукIрэ Астемыр Къазджэрий дунейм къытемыхьэу, сэлэтхэр къакIуэу Уэлджыр Хьэжбий къыхуаубыдыным ежьэу щыст. Арати, а зыпэплъа сэлэт гупыр, цIыху тIощIрэ зырэ хъууэ, къокIуэ. Къазджэрий унафэ ещI ахэр Уэлджырхэ я унэ нэщI къэ хъуахэм щIагъэтIысхьэну. КъыкIэлъыкIуэ махуэм ахэр яужь йохьэ Хьэжбий къэлъыхъуэным.

А зэман псоми Хьэжбий и Iыхьлы гуэрхэм я деж Ахъло хэ я къуажэм зыщигъэпщкIуащ. Ауэ иужькIэ, здэщыIэ унагъуэр бэлыхь хидзэну хуейтэкъыми, фIыщIэ яхуищIри, и къуажэжьым игъунэгъу мэзхэр псэупIэ ищIащ.

Мыгувэу Хьэжбий Къамбот Хьэмырзэ (и анэ дэлъхум) къыжреIэ и зэранкIэ лъэпкъ псор зыхэхуа бэлыхьым и хъыбар. Зэхихар игу щIыхьауэ Хьэжбий мэзым игъэзэжащ. Ар гупсысапIэшхуэ хэхуат. Абы и зэранкIэ жьыи щIэи, цIыхубзи цIыхухъуи зэхэзехуэн ящIащ, лIэщIыгъуэкIэрэ зэтеува зэпыщIэныгъэхэр, Уэлджыр лъэпкъ быдэр зэтокъутэ. Ар Хьэжбий игу темыхуэн икIи къигъэхъункIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэти, мурад ещI къуажэм кIуэжу властхэм заритыну. Езыр ягъэтIысми, яукIми едэ, и лъэпкъ дахэм и псэупIэр игъуэтыжмэ.

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым жыыуэ Хьэжбий и хьэпшыпхэр шым кIэрипхэщ, и фочыр и плIэм иридзэри Астемырей кIуэжащ.

Правленэм и старшинар зыщIэс унэ мыиныр къуажэкум, мэжджытым пэмыжыжьэу щытт. Абдежым шы зыбжанэ щепхат, щыхьэпIэм дежи сэлэтитI щытт. Хьэжбий къызэмыплъэкIыу абы Iухьэри, шым къепсыхащ, и щыгъыныр иутхыпщIри, сэлэтхэми емыплъу занщIэу унэм щIыхьащ.

ЗыщIыхьа пэшым щIэт стIолым зигъэкъыу бгъэдэст къуажэр зи IэмыщIэ илъ Астемыр Къазджэрий, и сэмэгурабгъумкIэ къыщыст зауэлI фащэ зыщыгъ, зи дамэтелъхэр зэщIэлыдэ лIышхуэ, ижьрабгъумкIэ, тIэкIу нэхъ пыIукIуэтауэ - Астемыр Мыхьэмэтджэрий. Хьэжбий пэшым щIэбакъуэри бжэм деж къыщыувыIащ. Астемырхэ къэуIэбжьащ. Абыхэм ягугъэнтэкъым Хьэжбий я пащхьэм къиувэну, Iэщи иIыгъыу къахыхьэну. Мыхьэмэтджэрий занщIэу и фочымкIэ зидзащ, ауэ Хьэжбий и фочыр унащхьэм дригъэуейри, етIуанэ шэмкIэ езым зэреуэнур жриIащ. Къазджэрий Мыхьэмэтджэрий жриIащ тесабырэну икIи адэкIэ зигъазэри офицерым жриIащ къыщIыхьар и къуэр зыукIарауэ зэрыщытыр.

- ПщIэ зыхуащI Къазджэрий, сэ мыбы зывэстыну сыкъэкIуащ, - жиIащ Хьэжбий фочыпэр иригъэзыхыжурэ. - Сыт фыхуейми сэ къызэфщIэ, ауэ лажьэ зимыIэ си лъэпкъым я унэ хэм къагъэзэжыну хуит фщIы.

- Хъунщ, Уэлджыр и къуэ. Уи судыр ящIэмэ, ахэр къэкIуэжыну хуитщ, ауэ уи Iэщэр мыдэ къэгъэтIылъ, - хэкъузауэ жиIащ Къазджэрий.

- Хьэуэ, пщIэ зыхуащI Къазджэрий. Япэ щIыкIэ цIыхухэр зэ хуэшэси, псоми зэхахыу жыIэ абыкIэ псалъэ къызэрызэптыр, - къигъэуващ Хьэжбий.

- Унафэ пщIыуэ укъэувыжауэ ара! - къэлыбауэ къэкIиящ Мыхьэмэтджэрий икIи и кIэрахъуэр кърипхъуэтри Хьэжбий еуащ. Хьэжбий лъэныкъуэкIэ зыщIидзри шэр блыным техуащ.

- Иджыри зэ зыбгъэхъеймэ, узоукI, Мыхьэмэтджэрий. Сэ зыри сфIэкIуэдыркъым, - жиIащ Хьэжбий и Iэщэр абы тригъапсэри.

Къазджэрий Мыхьэмэтджэрий щIэкIиери игъэсабырыжащ.

Мыгувэу пщIантIэм цIыхур дэз къэхъуащ. Бжэр зэIуахри дэкIуеипIэм Къазджэрий къытеуващ, и Iэщэр иIыгъыу Хьэжбий абы яужь итт, къакIэлъыкIуэу - подпоручикымрэ Мыхьэмэтджэрийрэ.

Хьэжбий, псоми зэхахын хуэдэу, ину жиIащ:

- ЦIыхухэ, сэ езыр сыкъэкIуащ мыбыхэм я деж. Къазджэрий псалъэ итащ суд къыстращIыхьа нэужь си лъэпкъыр къуажэм къигъэкIуэжынуи, фэ фыщыхьэтщ. - Къазджэрий дежкIэ зигъазэри дыщIигъужащ: - Иджы, Къазджэрий, ухуитщ сыбгъэтIысыну.

Сэлэтхэм замыIэжьэу Хьэжбий Iуашащ. ЕтIуанэ пщэдджыжьым сэлэтхэр къуажэм дэкIыжащ, Хьэжбий Мэртэзей станцым яшащ.

Астемырхэ ялъ ящIэжынкIэ шынэхэрти, Хьэжбий Мэртэзей куэдрэ щамыIыгъыу Владикавказ яшэри, и судри абы щащIащ. Пащтыхьым и судым абы унафэ къыхуищIащ псэуху Сыбырым каторгэ щыIэн хуейуэ. Астемырхэ абыкIэ мыарэзыуэ, Хьэжбий укIын хуейуэ къагъэува щхьэкIэ, судым и унафэр зэрыщыту къигъэнэжащ. Суд нэужьым, зэрызэгурыIуауэ, Уэлджырхэ щалъхуа къуажэм къагъэзэжащ.

Астемырхэ ягу техуэртэкъым Хьэжбий псэууэ къызэрагъэнари, зэпымыуууэ ещэрт и къуэшхэм щыщ гуэр яукIыну.

Гъэмахуэ махуэ гуэрым, Хьэжбий и судыр ящIэу зы илъэс дэкIа иужь, абы и къуэшхэу ЛIыбэчрэ Бэчмырзэрэ Елъхъуэт щхьэлым къикIыжырт. Ахэр нартыху хьэсэм бгъурыт гъуэгумкIэ къызэрыкIуэжынур ящIэрти, Астемыр Къазджэрийрэ абы и блыгущIэтхэмрэ къапэтIысри, зэкъуэшхэр зэрыблэкIыу кIэрахъуэкIэ ЛIыбэч и щIыбым къеуэри, зэшэзэпIэу къаукIри щIэпхъуэжащ.

КъуитI зыфIэкIуэда Хьэжбий и анэр а гузэвэгъуэ хэм яхыжащ, илъэс ныкъуэ фIэкIа дэмыкIыу щIалъхьэжащ я адэ Нахъуи.

ИЛЪЭС Iэджэ блэкIащ абы лъандэрэ.

Хьэжбий Ленэ псы Iуфэм дыщэ къыщыщIахыу щыIэ щIыпIэхэм щылэжьащ. IэнатIэр хуабжьу гугъут, шахтэр къауэурэ цIыхухэр щIипIытIэрт, ущIэпхъуэжынуи Iэмал лъэпкъ щыIэтэкъым. Дэни укIуэнт - ихъуреягъкIэ мэзрэ мыл Iуврэт.

1917 гъэр къос. Зэпхыжа IыкIыу зэхах пащтыхьыр традзри Совет власть ягъэуващ. Совет правительствэм и япэ указхэм ящыщт политикэ щхьэусыгъуэкIэ ягъэтIысахэр къэутIыпщыжын зэрыхуейм теухуар. Хуит къэ хъужахэм яхэтт Хьэжбии.

Илъэсийрэ нэкъуэкIэ кIатIэржынэм щыIауэ 1918 гъэм Хьэжбий щалъхуа и къуажэжьым къегъэзэж. Абы къещIэ езыр Сыбыр яхуа нэужь мыгувэу и лъэпкъыр я къуажэм къызэрыкIуэжар.

1919 гъэр екIуэкIырт. Къэралыр граждан зауэм и мафIэм хэтт. Астемырхэ хужьыдзэм хэту къезэуащ Хьэжбий зыхэт Дзэ Плъыжьым.

1920 гъэм и гъатхэпэ мазэм Къэбэрдей псом Совет власть щагъэува нэужь, Хьэжбий жыджэру гъащIэщIэм хэуващ. Акъбащ Ипщэ къуажэм щызэхыхьа колхозым и хадэхэкIхэкI бригадэм и учетчикыу илъэс куэдкIэ лэжьащ ар, пенсэм кIуэху къэзыпщытэ комиссэм и унафэщIу щытащ.

ГъащIэ кIыхь икIи гъэщIэгъуэн къэзыгъэщIа Хьэжбий унагъуи зэригъэпэщри пхъуитIи иIащ.

И ныбжьыр илъэс 85-м иту, апхуэдиз зи нэгу щIэкIа Уэлджыр Хьэжбий 1971 гъэм дунейм ехыжащ.

Сурэтыр ПЭТIУАЩЭ Феликс ищIащ.

● Теплъэгъуэхэр

Гъэмахуэку махуэ.
Сурэтыр **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

И зы плъэкIэри лъагъуныгъэкIэ гъэнщIат

●Фэеплъ

ЦIыхум и дежкIэ, шэч хэмылъу, лъапIэщ и дэтхэнэ благъэри, Iыхьлыри, ныбжьэгъури. Ауэ хэт щыIэн адэ-анэм нэхъапэ? Адэ-анэрщ сабийр дунейм къытезыгъэхьэри, гъащIэм хэзышэри, зрихьэлIэ гугъуехьхэм пэлъэщыфу езыгъасэри... Дэтхэнэр къыубжэкIын, адэ-анэм я фIыщIагъэу! АтIэ хьэлъэкъэ абыхэм языхэзыр уимыIэжу упсэуныр, гуауэшхуэкъэ а тIур пфIэкIуэдыныр...

АЛЫХЬ Iэмыркlэ зэджэр араща, цIыхум абы и унафэ хилъхьэфыркъым, армыхъуамэ, Шурдым зэдэлъхузэшыпхъухэм я адэр игъуэ нэмысу зыIэщIамыгъэкIын, я адэ-анэр зэгъусэу къащхьэщытын щхьэкIэ а гуауэшхуэм памыгъэтIылъыфын фIыгъуэ щыIэт?!

2006 гъэм и дыгъэгъазэм дунейм ехыжащ зи гугъу тщIы, Зеикъуэ къуажэм щыщ Шурдым Юрэ. 1949 гъэм ар Гундэлэн къуажэм къыщалъхуат, курыт еджапIэр Зеикъуэ къыщиухри, IэщIагъэи зригъэгъуэтат.

Зы махуи Iуэхуншэу щысакъым Шурдымыр - IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. И ныбжь нэсу унагъуэ хъуа нэужь, и щхьэгъусэ Людэрэ езымрэ пэжу къызэдэгъуэгурыкIуащ, быниши зэдагъуэтащ. Мадинэ, Едыдж, Елдар сымэ зыхуейр ягъуэту къигъэтэджыныхьрт, цIыху зэпIэзэрыту лъэ быдэкIэ гъащIэм хигъэувэнырт Юрэ зыщIэхъуэпсри, ар нэхуапIэ хъун папщIэ лъэкI къигъэнакъым. Быным я нэхъыжь хъыджэбзым щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и къудамэу КъБР-м щыIэм и исполкомым щолажьэ, Едыдж Ленинград областым щыIэ дзэ частым капитану къулыкъу щещIэ, нэхъыщIэ Елдар Санкт-Петербург дэт дзэ еджапIэ нэхъыщхьэм щIигъэтIысхьат Юрэ.

Ауэ дыкъэзыгъэщIам иухатэкъым Юрэ щIалэ нэхъыщIэр IэнатIэ пэрыту илъагъуну, быным якIэлъыплъыну...

Адэм и жьауэм щыхуэмыныкъуэ лъэхъэнэ къыхуихуэркъым цIыхум. Ущысабийми уи ныбжьыр щыхэкIуэтами, уи щIыбагъ къызэрыдэт къудейм къару ямылей гуэр къыпхилъхьэу къыпщхьэщытщ ар. Ауэ аращ и хабзэр дунеижьми, ажалым зыри зэпилъытыркъым.

Юрэ къащхьэщымытыжми, абы и дуней тетыкIам щыгъуазэ бынхэр псэунщ адэм и щапхъэр я гъуазэу, и фэеплъым пщIэ хуащIу.

- И зы плъэкIэри гур щыз зыщI лъагъуныгъэкIэ гъэнщIат си адэм, - игу къегъэкIыж Мадинэ. - Быным ди цIэхэмкIэ къыдэджэртэкъым, дэтхэнэми цIэ лей къытфIищауэ дигъафIэрт. Адэ псоми я лейуэ къысщыхъурт ар. Сытым дежи и нэIэ къыттетт, зыми дригъэхъуапсэртэкъым, Iущагъ куэдым дыщIигъэджыкIырт.

Адэ гумащIэу зэрыщытам и мызакъуэу, ныбжьэгъухэми яху эпэкт Юрэ, лэжьыгъэм игурэ и псэрэ етат, зыми и жагъуэ ищIынутэкъым, гуныкъуэгъуэ зиIэм зэрыхузэфIэкIкIэ зыщIигъэкъуэну хьэзырт.

«Ар пщызыгъэгъупщэн Алыхьым уимыгъэлъагъукIэ», - жаIэ адыгэхэм, гузэвэгъуэ зылъыса цIыхум хуэгъэзауэ. Я анэр куэдрэ Тхьэм ящхьэщигъэт Мадинэ, Едыдж, Елдар сымэ.

ШЫПШ Даянэ.

● УпщIэ - жэуап

ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм къахохъуэ

Ди газетым зэрытетащи, Урысей Федерацэм и къалитхум (Москва, Къэзан, Уфа, Мэхъэчкъалэ, Налшык) мы гъэм къыщызэIуах Ислъам университетхэр. А Iуэхум теухуауэ допсалъэ Чочаев Шарафутдин, Iимам Iэбу-Хьэнифэ и цIэр зэрихьэу Кавказ Ищхъэрэм щылэжьэну университетым и ректорым.

- Шарафутдин, а университетыр зыхуэдэмрэ абы и программэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ утхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт.

- ЩIэуэ къызэIуах университетхэр зэрылэжьэну программэхэр щIэныгъэлI куэдым зэхалъхьащ, къэралым и унафэщIхэми тэмэму икIи купщIафIэу къалъытащ. Гу зылъытапхъэщ илъэс зыбжанэ хъуауэ Налшык щылажьэ ислъам институтым и программэри къэралым щынэхъыфI дыдэхэм зэращыщар. Мы институтыр университету зыдохъуэкI. НэгъуэщIу жыпIэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэм и пщIэр, и мыхьэнэр, и зэфIэкIыр къыдоIэт. Дин Iуэхухэм къадэкIуэу, дяпэкIи мыбдежым щаджынущ психологиер, педагогикэр, инджылызыбзэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр. Абыхэм къахэхъуащ щэнхабзэхэр, динхэр джыныр, нэгъуэщIхэри.

- Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэм ис муслъымэнхэр ди деж къакIуэурэ щеджэн хуейуэ ара?

- Къэрэшей-Шэрджэсым ислъам институт щыIэщ. Ауэ ари, нэгъуэщI щIыпIэ гъунэгъухэм щылэжьэну еджапIэхэри дяпэкIэ къызэралъытапхъэр ди университетым и къудамэущ (филиалущ). Хэт сымэ университетым щедгъэджэнур? Мы гъэм (бадзэуэгъуэм и 20 пщIондэ) япэ курсым щIэдгъэтIысхьэнущ курыт щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта, дин Iуэхухэр кууэ зыджыну щIэхъуэпс щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ.

Университетым къыщызэIуахынущ илъэситI курсхэр. Абы щеджэ хъунущ классибгъу къэзыухахэр, диным дихьэххэр (я ныбжьым емылъытауэ). Экзаменхэр ткIий дыдэу щытынукъым - студент хъунухэм депсэлъылIэнущ КъурIэныр, хьэрыпыбзэр, дин хабзэхэр зэращIэм, къазэрыщыхъум теухуауэ.

- Ныбжьыщlэхэм стипендиекIэ защIэвгъэкъуэфыну?

- Япэрауэ, пщIэ щIамыту студентхэр едгъэджэнущ, общежитым щIэдгъэсынущ. Налшык щыпсэухэм шэджагъуашхэ ядгъэщIынущ, нэгъуэщI щIыпIэ къикIахэр махуэ къэс щэнейрэ дгъэшхэнущ, уасэ гуэри щIамыту.

- Дэнэ къифхыну апхуэдиз мылъкур?

- Муслъымэнхэм икъукIэ зыкъытщIагъакъуэ. Псом хуэмыдэу абы и лъэныкъуэкIэ жыджэрщ Шэрэдж районым и Iимам нэхъыщхьэ Циканов Мухьэдин, а къулыкъур Прохладнэ, Май районхэм щызезыхьэ Нэгъуей Хьэсэнбий, Лэскэн районым и раис-Iимам Къунаш Заурбий, Яныкъуей къуажэм и Iимам Элекуев Хьэсэн сымэ. Дэ абыхэм икъукIэ дахуэарэзыщ, Тхьэ лъапIэри арэзы къахухъу!

Епсэлъар
ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадинщ.

● ФIыщIэ

Си нэщIэр [illegible]

ЗИ ГУГЪУ фхуэсщIынур Куба къуажэ щыпсэу хьэрычэтыщIэ Аслъэныкъуэ Жаннэщ. Псоми зэращIэщи, цIыхум и ныбжьыр хэкIуэтэху и узыншагъэри нэхъыкIэ мэхъу. Апхуэдэу куэд щIауэ си нэр къызэуз, тэмэму имылъагъуж хъуат. Си Iуэхур зытетыр щызэхихым, Жаннэ сэбэп къысхуэхъуну мурад ищIащ. СыкъигъэдаIуэри, Налшык нэм щеIэзэ сымаджэщым сишащ, дохутырхэр къызигъэплъри, абы сигъэгъуэлъащ. Дауи, сыт хуэдэ узыфэр бгъэхъужынми, мылъку токIуадэ. Си нэхэр операцэ ящIынми, абы и ужькIэ сыкъызэфIэувэжу сымаджэщым сыкъыщIэкIыжыхуи текIуэда ахъшэр Аслъэныкъуэм ейщ. Зы махуэ къэмынэу щIэупщIакIуэ нысхуэкIуэрт, сызыхуэныкъуэ псомкIи сыкъызэригъэпэщырт а цIыхубзым.

Иджы си нэхэм хъарзынэ дыдэу ялъагъу хъужащ. Алыхьым и ужькIэ абыкIэ сэбэп къысхуэхъуар Аслъэныкъуэ Жаннэщи, фIыщIэшхуэ хуэсщIыну сыхуейщ мы дуней дахэр зэрызигъэлъагъужам, си гъащIэ кIыфIыр нэху къызэрысхуищIыжам щхьэкIэ.

Жаннэ, уи нэр здэплъэм уи лъэр нэсу, узыншагъэ быдэ уиIэу, мурадыфI пщIахэр къохъулIэу, дэнэкIэ бгъазэми Алыхьым укъихъумэу, къохъулIэ псоми берычэтыр хэлъу гъащIэ тынш епхьэкIыну, мылъку къыстебгъэкIуэдар нэхъыбэжу къыпхэхъуэжыну сыпхуохъуауэ. ФIыщIэ мыухыж пхузощI зи дунейр нэху хъун, Жаннэ!

Апхуэдэу фIыщIэ хуэфащэщ си нэхэр операцэ зыщIа Дыкъынэ Залым. НыбжькIэ щIалэми, и IэщIагъэм фIы дыдэу щыгъуазэщ Залым. АдэкIи ефIэкIуэну, узыншэу куэдрэ цIыхухэм сэбэп яхуэхъуну си гуапэщ.

КIЭБЫШЭ ФатIимэт.
Бахъсэн район,
Куба къуажэ.

Къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэ куэдым къыщыщIедз армэм ираджа ди хэкуэгъу щIалэхэр. Апхуэдэу Курилхэм - Итуруп хытIыгум дзэ къулыкъур щрихьэкIащ иджыблагъэ и лъахэм къэзыгъэзэжа тэрчдэс Шормэн Казимир.

Итуруп хытIыгум

● Дзэм къулыкъу

ГЪЭМАХУЭМРЭ бжьыхьэмрэ щIалэщIэр щIыпIэм и дахагъэм итхьэкъуауэ щытамэ, щIымахуэм Казимири, къулыкъу къыдэзыщIэ адрей сэлэтхэми зыхащIащ щIыналъэм и ткIиягъыр - жьапщэшхуэмрэ щIыIэмрэ зыкърагъэщIащ. Ауэ ди хэкуэгъур абыхэм ягъэдзыхакъым.

Армэм ираджэн и пэ, Шормэныр дихьэхыу щытащ радиотехникэ Iэмэпсымэхэр зэпкърыхын-зэпкърылъхьэным икIи ар сэбэп къыхуэхъужащ. Гугъуещ демыхьу абы зригъэщIащ зенит-ракетэ Iэмэпсымэм и лэжьэкIэр. ЩIалэм къыхуагъэува къалэнхэр сытым дежи нэгъэсауэ, гугъэзагъэу зэригъэзащIэм папщIэ тэрчдэс щIалэм ефрейтор цIэр къыфIащащ. Езым и щIэныгъэм хигъахъуэ зэпытщ, ардыдэр къалэн нэхъыщхьэу и сэлэтхэм яхуегъэув. Хьэлэлу зи пщэрылъхэр езыхьэкI, хэкум и хъумакIуэм унафэщIхэм гу лъамытэу къэнакъым икIи куэд мыщIэу Казимир сержант ящIащ. Армэр къиухыу унэм къигъээжын хуей щыхъум, абы къратыжа тхылъым итщ и дзэ къулыкъур зэрырихьэкIа зэманым къриубыдэу Шормэныр сыт и лъэныкъуэкIи зэрефIэкIуар, жэуаплыныгъэ зыхэлъ, пщIэ зыхуащI цIыху къызэрищIыкIар.

МЭЗКУУ Къанщобий.

●Футбол



Гъунэ иралъэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Крылья Советов» (Самарэ) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 17-м. ЦIыху 13600-рэ еплъащ.

Судьяхэр ЕГОРОВ (Новгород Ищхъэрэ), Ходеев (Воронеж), Малородов (Саратов).

«Спартак-Налшык»: Сидельников, Евсиков, Шумейкэ, Амисулашвили, Ятченкэ (Попов, 90), Гвазавэ, Ланько (Мартынов, 70), Мэшыкъуэ, Файзуллин, Пилипчук (Роденков, 84), Рикарду Жезус.

«Крылья Советов»: Макаров, Ангбвэ, Бут, Логиевкэ (Филекович, 63), Бранко, Кобвэ, Муджири (Швецов, 76), Бобер, Медведев, Шевченкэ (Гаджиев, 67), Топич.

Дагъуэ хуащIащ Пилипчук, Муджири, Ангбвэ, Гвазавэ, Поповым, Макаровым.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым футболым щыдихьэххэм щэбэт кIуам мы гъэм япэу я пащхьэ къихьащ фIыуэ ялъагъу командэр. Ар къыпхуэмыцIыхужыным хуэдэт, сыту жыпIэмэ нэгъабэрей гупым щыщу къыхэнэжар и Iыхьэ щанэрщ. Апхуэдэу щытми, «Спартак» стадионым кърихьэлIа цIыху мин 14-м нэблагъэр щыгугъырт Красножан Юрий зи унафэщI тренер гупым къэрал псор аргуэру зэзыгъэплъыжын командэ лъэрызехьэ къызэрагъэпэщыфауэ. ЗэкIэ абы техуауэ зыри пхужыIэнукъым - ар зэрызэхуашэсрэ тхьэмахуитI ирикъуакъым икIи дэтхэнэми и зэфIэкIыр нэсу къыщигъэлъэгъуэнур дяпэкIэщ.

Джэгум щIидзэн и пэкIэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и унафэщI Къэжэр Альберт республикэм и УнафэщIымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкIыу къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ икIи республикэм щыпсэухэр мы гъэми «Спартак-Налшыкым» ехъулIэныгъэкIэ зэрыщыгугъыр къыхигъэщащ. Къэралым и гимным едэIуа иужькIэ, зэIущIэм щIидзащ.

Тхьэмахуэ и пэкIэ Томск щыIэу 0:2-уэ къызэрыхагъэщIам налшыкдэсхэр ебгъэрыкIу эну къигъэувырт. Апхуэдэ мурад яIэуи къыщIэкIынут, арщхьэкIэ Самарэ къикIахэри икIуэтынухэм ящыщтэкъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэ хъунущ мы гъэм зэрыщIидзэрэ иригъэкIуэкIа джэгугъуищым щыщу «Крылья Советов»-р тIум зэрыщытекIуар, зыр зэрытемыгъэкIуауэ зэриухар. Апхуэдэуи Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным теухуауэ екIуэкI зэпеуэм самарэдэсхэм ЦСКА-р, нэгъабэ ар къэзыхьар, къыхагъэкIыфащ, 0:0-рэ 2:0-у дэджэгури, икIи я гъуэм мы зэкIэ зыми топ къыдигъэкIыфакъым.

«Спартак-Налшык»-ми хузэфIэкIакъым Макаровым и гъуэр къищтэн. Абы папщIэ яIа зы Iэмал закъуэр мащIэу къыщIэкIащ: джэгур и кIэм нэблэгъауэ кърагъэхьа Роденковыр и закъуэу кIуэцIрыкIри, лъэщу еуат, арщхьэкIэ гъуэм хуигъэзэфакъым. Абы и пэкIэ къыхэжаныкIыным пэгъунэгъуат Рикардурэ Ланькорэ. Ау э абыхэми яхузэфIэкIа щыIэкъым.

Iуэхур ирагъэфIэкIуэн я гугъэу гъуащхьэхъумэ Ятченкэ гъуащхьауэ ПоповымкIэ яхъуэжат, арщхьэкIэ абыи лъэкIар с удьям дагъуэ зыхуригъэщIынырщ.

Узыгъэгу фIэу мы зэIущIэм хэлъар зыщ. Нэрылъагъут командэм хэтхэр кIуэ пэтми нэхъ зэрызэгурыIуэр. Хьарзынэу зыкъагъэлъэгъуащ ди гъуащхьэтетымрэ гъуащхьэхъумэхэмрэ - абыхэм хьэщIэхэм я гъуащхьауэхэр зэтраIыгъэфащ.

Арати, нэгъаби хуэдэу, джэгугъуитIым я ужькIэ ди командэм зы очко зыIэригъэхьащ. Абы тепщIыхьмэ, къыкIэлъыкIуэм текIуэныгъэр къыщытпэплъэу угугъэ хъунущ. Ауэ ар тыншу къайхъулIэнукъым. Япэрауэ, зэIущIэр щекIуэкIынур Краснодарщ. ЕтIуанэрауэ, дызыхуэзэну «Кубанми» зэIущIитIым зы очко закъуэ къыхихыфауэ араща, премьер-лигэм япэ текIуэныгъэр къыщихьыну хуабжьу хущIэкъунущ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, нэхъыфIым дыщыгугъынщ. Сыти жыIи, нэгъаби зыри щыгугъакъым ди командэм и япэ текIуэныгъэр Мэзкуу щыIэу «Локомотив»-м къыщыфIихьыну.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и етIуанэ джэгугъуэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **«Рубин»** (Къэзан) - **2:1**, **«Химки»** (Химки) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:0**, **«Мэзкуу»** (Мэзкуу) - **«Томь»** (Томь) - **2:0**, **«Сатурн»** (Мэзкуу область) -**«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **0:1**, **«Ростов»** (Дон Iус Ростов) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **2:3**, **«Спартак»** (Мэзкуу) - **«Амкар»** (Пермь) - **0:0**, **«Динамо»** (Мэзкуу) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр ди «Спартак-Налшык»-м мэлыжьыхьым и 1-м иригъэкIуэкIынущ.

КЪАУДЫГЪУ Заурбэ ч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Москва»	**2**	**2**	**0**	**0**	**3-0**	**6**
2. ЦСКА	**2**	**1**	**1**	**0**	**4-2**	**4**
3. «Амкар»	**2**	**1**	**1**	**0**	**3-1**	**4**
4. «Зенит»	2	1	1	0	4-3	4
5. «Локомотив»	2	1	1	0	2-1	4
6. «Крылья Советов»	2	1	1	0	1-0	4
7. «Спартак»	2	1	1	0	1-0	4
8. «Томь»	2	1	0	1	2-2	3
9. «Луч-Энергия»	2	1	0	1	1-1	3
10. «Химки»	2	1	0	1	1-1	3
11. «Динамо»	2	0	1	1	1-2	1
12. «Сатурн»	2	0	1	1	1-2	1
13. «Кубань»	2	0	1	1	0-1	1
14. «Спартак-Налшык»	**2**	**0**	**1**	**1**	**0-2**	**1**
15. «Ростов»	**2**	**0**	**0**	**2**	**3-6**	**0**
16. «Рубин»	**2**	**0**	**0**	**2**	**2-5**	**0**

«Спартак-Налшык»-мрэ «Крылья Советов»-мрэ я зэIущIэ нэужьым ди корреспондент Хьэщыкъуей Олег командэхэм я топджэгу зыбжанэм захуигъазэри, зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIар къазэрыщыхъуам тригъэпсэлъыхьащ

«Крылья Советов» командэм и капитан **Муджири Давид:**

- СыщогуфIыкI дыкъызэрыхамыгъэщIами, ди гъуэм топ зэрыдэдмыгъэкIами. Дэ дыкъапщтэмэ, «Спартак-Налшык» -м и гъуэр къызэрытщтэфын Iэмал куэд диIакъым. КомандитIым къагъэлъэгъуа джэгукIэм тепщIыхьмэ, зэIущIэр зэриуха бжыгъэри тэмэму къысщохъу. ТекIуэныгъэм тIури дыхущIэкъуащ, ауэ къэдджэгуам нэхърэ дызэрызэныкъуэкъуар нэхъыбэу си гугъэщ. Топджэгу губгъуэм и зэрани абы хэлъщ. Гугъущ мыпхуэдэ стадионым ущыджэгунуи, тхузэфIэкI псори тхуэгъэлъэгъуакъым. «Спартак-Налшык» командэм и футболист нэхъыфIхэр зэбграшауэ щытми, абы и джэгукIэр ихъуэжакъым, езым и хъэтIыр иIэжщ. Фи щIалэхэр хьэрхуэрэгъум ебгъэрыкIуэ зэпытщ, тынш цIыкIуу узытрагъэкIуэнукъым.

ХьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэ **Логиевкэ Кшиштоф:**

- ИкъукIэ хьэлъэу екIуэкIащ зэIущIэр. Пэжыр жыпIэмэ, ар дэркIэ гугъуу зэрыщытынум дыхуэхьэзыру дыкъэкIуат. Налшык и командэр сыт щыгъуи и унэ фIыуэ щоджэгу, утекIуэнуи тыншкъым. А псом нэмыщIыжкIэ, «Спартак-Налшык»-м и япэ зэIущIэр иригъэхьати, ар зэригъэзэкIуэжын Iуэху зэрихуэ зэпытт.

Налшык зы очко зэритшыфым сэ арэзы сыкъещI, дэркIэ ар ехъулIэныгъэуи къызолъытэ. Си гугъэмкIэ, дэтхэнэ зы командэм дежкIи гугъу хъунущ Налшык очко гуэрхэр щызригъэгъуэтыну.

ХьэщIэхэм я гъуащхьэтет **Макаров Александр:**

- Зэхьэзэхуэр удихьэхыу екIуэкIащ. «Спартак-Налшык»-м упэщIэтыну сыт щыгъуи гугъущ. Абы и топджэгухэр зэуэ топхэм къебгъэгъэзэныр дэтхэнэ гъуащхьэтетым дежкIи тыншкъым. Ауэ, нобэ, си гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэ Iэмалхэр хэгъэрейхэм тэмэму къахузэгъэпэщакъым, сызэрагъэпIейтеяи щыIэкъым. Очкоищ щхьэкIэ Налшык дыкъэкIуами, зэIущIэр зэриуха бжыгъэмкIэ сыарэзыуэ сокIуэж.

«Спартак-Налшык»-м и гъуащхьэхъумэ **ШумейкэВиталий:**

- «Крылья Советов»-м и мызакъуэу, зэхьэзэхуэр ди дежкIи гугъуу щытащ. АбыкIэ зызгъэзэхуэжу аракъым - текIуэныгъэр дэ къэтхьын хуеящ. Дауэ хъуми, ди унэ дыщыджэгурт, футболеплъхэр дгъэгуфIэну къытщыгугъырт. Пэжыр жыпIэмэ, дэ дегугъуу зыхуэдгъэхьэзырат мы зэIущIэм, мыIейуи дыджэгуу къысщыхъурт, ауэ [illegible]

[illegible] Краснодар и «Кубань» командэм тыншу [illegible]

Сурэтхэр **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

ЗэIущIэ нэужьым

ОБОРИН Сергей, "Крылья Советов"-м и тренер нэхъыщхьэ:

Сэ къызэрыслъытэмкIэ

- Нобэрей зэIущIэм щызэхуэза командэхэр сыт и лъэныкъуэкIи хущIэкъуащ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэну. Мис апхуэдэ зэныкъуэкъуныгъэхэращ Iэзагъри щызрагъэгъуэтыр. Псори зэгъусэу къапщтэмэ, зэIущIэр командитIми зэхуэдэу ирагъэкIуэкIащ. Пэжщ, зэзэмызэ хэгъэрейхэр нэхъ жыджэращ, ауэ дэ абы дыхуэхьэзырт. Ди командэм и гъуащхьауэхэм нэхъ хэкъузауэ ядэлэжьэн хуейуэ къызолъытэ.

- Сыт Кшиштоф Логиевкэ фхъуэжын хуей щIэхъуар?

- Топым щIэбэну, хьэрхуэрэгъухэм ящыщ зым ар щхьэкIэ жьэхэуащ икIи фэбжь игъуэтащ.

- Нэгъабэ Налшык и «Спартак»-м щыджэгуа Битокъу Тимур фи командэм ныхыхьащ. Сыт ар джэгупIэ губгъуэм къыщIивмыгъэхьар?

- Битокъум фэбжь зэриIам къыхэкIкIэ, зыщыдгъасэ махуэ зыбжанэ дигъэхуащ. Ар зэхьэзэхуэм зэрыхуэхьэзырым иджыри зэ щыгъуазэ зытщIыжын хуейщ.

КРАСНОЖАН Юрий, "Спартак-Налшык"-м и тренер нэхъыщхьэ:

ЗэгъэкIуэныгъэ зыхэлъ гупыну сыхуейт

- Мы зэIущIэм наIуэ къытщищIащ дэ иджыри лэжьыгъэшхуэ къызэрытпэщылъыр. Командэхэм зэIущIэр екIуу ирагъэкIуэкIащ икIи бжыгъэмрэ джэгукIэмрэ зэхуэхъуу къысщохъу. Дэ зыгуэркIэ зыдгъэкъуэншэжын хуейуэ къэслъытэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди командэр щIэрыщIэу зэхэдгъэувэжу арощ. «Спартак-Налшык»-м къыдэщIхэм селъэIуну сыхуейт япэ зэIущIэхэм зышыIэныгъэ зыхагъэлъыну - командэр иджыпсту зэтеувэу арощ икIи тегъэгушхуапхъэщ.

- Попов Денис зэIущIэм и пэщIэдзэм щыщIэдзауэ сыт щIэмыджэгуар?

- Денис ди деж куэд щIакъым къызэрыкIуэрэ. Абы къыхэкIкIэ командэм иджыри хэзагъэпакъым.

- Илъэс зыбжанэ и пэкIэ Налшык и «Спартак»-м щыджэгуу щыта ХъуакIуэ Къаплъэн къигъэзэжащ. Сыт ар нобэ щIэдмылъэгъуар?

- Абы фэбжь игъуэтауэ щытащ. АдэкIэ зэрыхьэзырым деплъынщ: ХъуакIуэм дэ куэдкIэ дыщогугъ.

- Томск и «Томь» командэм фыщыдэджэгуамрэ нобэрей зэIущIэмрэ зэвгъапщэт.

- Шэч хэмылъу, командэр нэхъыфI хъуащ. Гъуащхьэхъумэхэр нэхъыфIу джэгуащ. ДяпэкIэ дефIэкIуэнущ.

- Рикардэ Хесус и джэгукIэм дауэ уеплърэ?

- Мы топджэгур командэм хэзэгъэным зэман хуейуэ къыщIэкIынщ. Апхуэдэ дыдэу щытащ ЦСКА-м и гъуащхьауэ Корвальо. Илъэс дэкIри, фIы дыдэу зыкъызэкъуихащ. Рикардэ наIуэ къитщищIащ зэрыфутболист Iэзэр. КIэщIу жыпIэмэ, абыкIэ дыарэзыщ.

- Джудович Миодраг дапщэщ джэгун щищIидзэжынур?

- Ди гугъэщ Краснодар и «Кубань» командэм дэдгъэджэгунухэм яхэтыну. Мы махуэхэм абы зыгъэхьэзырын щIидзэжынущ.

Зытхыжар **МЭЗКУУ Къанщобийщ.**
Сурэтхэр **Къарэ Элинэ** *трихащ.*

Япэ текIуэныгъэ

«Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - «Крылья Советов-Д» (Самарэ) - 1:0 (0:0). Нарткъалэ. «Химик» стадион. Гъатхэпэм и 16-м. ЦIыху 1000 еплъащ.

Судьяр Кузьменкэ (Изобильнэ).

"Спартак-Налшык-Д": Щоджэн, Макушев, Васин, Кисенков (ДыщэкI, 46), Таукенов, ДзыхьмыщI (Захаров, 64), Матич (Джэтокъуэ, 46), Гетериев, Балэ (Степанов, 75), Попов (Быдэ, 46), Узденов (Ащхъуэт, 80).

"Крылья Советов-Д": Годзюр, Засеев, Будников, Филекович (Бардасов, 46), Черненкэ, Гаджиев (Маскаев, 46), Разулис (Цой, 86), Кутепов (Храмов, 56), Лысков, Трифонов (Скевернюк, 46), Васильев (Шпаков, 46).

Топыр дигъэкIащ: Джэтокъуэ, 85 - пенальтикIэ.

Дагъуэ хуащIащ Балэм, Кутеповым, Лысковым.

«СПАРТАК-НАЛШЫК»-м и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрий ди командэм и дублерхэм яхигъэхьэр, къэдкIэ зыщытыгъэ щIалэ зыбжанэм якIэлъыплъащ. Абыхэм псоми мыIейуэ зыкъагъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу фIыуэ джэгуащ зэгуэрым къэралым и командэ къыхэхам хэта, ЦСКА-м и гъусэу чемпион хъуа икIи УФ-м и кубокыр къэзыхьа Попов Денис. Абы бжыгъэр къызэIуихыну Iэмал гъуэзэджэ зыбжанэ иIащ.

Апхуэдэу щытми, налшыкдэсхэм текIуэныгъэр щызыIэрагъэхьар я футболист нэхъ щIалэIуэхэр кърагъэхьа иужькIэщ. 85-нэ дакъикъэм хьэщIэхэм Ащхъуэт Аслъэнджэрий и ебгъэрыкIуэныгъэр хабзэм къемызэгъыу къызэпаудащ. Пенальтим еуэну Джэтокъуэ Елдар дзыхь хуащIащ икIи абы топыр дигъэкIри, япэ текIуэныгъэр «Спартак-Налшык-Д»-м къыхуихьащ.

Иджы щыгъуазэ фахуэтщIынщ Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт адрей командэхэм я дублерхэм я зи чэзу джэгугъуэм къарикIуам: «Локомотив-Д» - «Рубин-Д» - 0:0, «Химки-Д» - «Кубань-Д» - 2:2, «Москва-Д» - «Томь-Д» - 0:0, «Сатурн-Д» - «Луч-Энергия-Д» - 0:1, «Ростов-Д» - «Зенит-Д» - 4:2, «Спартак-Д» - «Амкар-Д» - 4:0, «Динамо-Д» - ЦСКА-Д - 1:1.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●ДифI догъэлъапIэ

ПащIэ Ленэ щытхэм деж

Лъэпкъым псэ хьэлэлкIэ бгъэдэтхэм, гуащIафIэхэм ящыщщ ПащIэ Ленэ. Ар нэхъыбэу дэ зэрытцIыхур уэрэджыIакIуэущ. Ленэ и макъ жьгъыру дахэмкIэ куэд щIауэ цIыхухэм яхуэгуапэщ. Ар и дуней тетыкIэкIэ цIыхубз щыпкъэм и щапхъэщ, гуапэщ, щабэу мэпсалъэ, гушыIэ дахэ хэлъщ. Абы и зэхэщIыкIыр лъагэщ, Iуэху куэдым хещIыкI.

КУЭДЫМ ягу ирохь Ленэ художественнэ тхыгъэхэм къызэреджэр. Сыт и уасэ уедэIуэну Шинкубэ Бэгърат и роман цIэрыIуэ «ЖылакIэм» щыщ Iыхьэ хэм ар къыщеджэкIэ! Хэт и нэпс хуэIыгъын истамбылакIуэ гъуэгуанэ кIыхьым, гъуэгуанэ гугъусыгъум цIыхухэм щашэча бэлыхьыр щызэхэпхкIэ?! Художественнэ къеджэкIэм хуэIэзэ цIыхум гуауэр гуауэу къеIуэтэф, зи гугъу ищIыр, плъагъум хуэдэу, уи нэгу къыщIегъэ хьэ.

Ленэ и зэфIэкIхэм щыщ зыщ цIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ хэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм къызэрытригъадзэр. Сэ седжащ абы и тхыгъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ зыр, «Узыдэмыхьа къуэладжэ лы дэзщ» зыфIищар, теухуащ Хьэлимэ и гъащIэ гугъум. ГъащIэм у дын хьэлъэхэр зэкIэлъхьэужьу кърэдз а хъыджэбзым, ауэ къызэфIэмыщIэу къелъыхъуэ хэкIыпIэ хэр. Удихьэхыу уоджэ тхыгъэм, Хьэлимэ и гур иухыжу гъащIэр къыIэщIэмыужэгъуэну пIэрэ жыпIэу ухуогузавэ. ГъащIэр къыпщыщIыну псомкIэ къоупщIыркъым е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, упэмыплъауэ къыкъуэуа гъуэжькуийм ущыздихь къохъу.

Апхуэдэ гупсысэ куукIэ гъэнщIа мы тхыгъэм художественнэ - гъэсэныгъэ къару ин хэлъщ. Удехьэх и ухуэкIэм, Iуэхугъуэхэр зэкIэлъегъэпIащIэ, лIыхъужь нэхъыщхьэм и гъащIэм темыхуа Iуэ хухэр сюжетым хэзагъэу хегъэувэ. Нэхъыщхьэращи, а псори бзэ дахэкIэ къеIуатэ.

Ленэ литературэбзэр шэрыуэу къызэригъэсэбэпыфым щыхьэт техъуэ щапхъэхэр куэду къыпхуэхьынущ. Абы и къэIуэтэкIэр къызэрыгуэкI жыIэкIэм къыщхьэщокI, бзэр дахэ зыщI Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ тхыгъэр егъэнщI.

Ленэ «Си гъащIэ - си уэрэд» зыфIища и япэ тхылъыр мыинми, купщIэшхуэ пкърылъщ. Ар теухуащ и сабиигъуэм, щIалэгъуэм, и адэм, зы псалъэкIэ жыпIэмэ, - и гъащIэм.

АдыгэбзэкIэ итха рассказхэр зы тхылъым щызэхуэхьэсауэ, къыдэгъэкIын фIэкI къыхуэмыту хьэзырщ. Ди гуапэ хъунт ар нэхъ псынщIэIуэу дунейм къытехьамэ.

КЪЭЛАКIУЭ Жаннэ.
Шэджэм район,
Нартан къуажэ.

●ГушыIэхэр

Студентхэр зыбжанэу егуэш

Дохутыру еджэхэр

Жей, псэху жыхуаIэр ямыщIэу тхылъым итыр кърагджыкI, нэхъыбэр гукIэ зрагъащIэ. Абыхэм щыщу акъыл жан зиIэр зэрызми, жэуап тыным псоми я бзэр хуэкъутащ, я нэхъыбэр къалэм къыщыхъуащи.

Лажьэурэ еджэхэр

ЗэрыхъукIэ я щхьэр ягъэпсэуж, мыгъуэ-махуэми щIэныгъэ зрагъэгъу эт. Деканатхэм ахэр я зэхэзехуэнщ, ауэ зыри яхуещIэркъым - и зэман къэсмэ, щIэкIыпIэ-щIыхьэпIэхэр тыншу къызэрагъуэтыфым къыхэкIыу. Мы лIэужьыгъуэм нэ хъыбзу хеубыдэ дзэ къулыкъу нэужьым еджэн щIэзыдзахэр, щхьэгъусэ, бын зиIэхэр, хамэ щIыпIэхэм къикIахэр.

ХьэрычэтыщIэхэр

Абыхэм сыт хуэдэ Iуэхуми зэман къыхуагъу эт, йомыгъаджэ закъуэ. ЕджапIэм щекIуалIэр сессиехэм я лъэхъэнэрщ. Зыпэрыт Iуэхум емыхъулIэрэпсынщIэ дыдэу «академик» цIэр зрагъэгъ уэт. ЕджапIэм щIагъэкIыжынри хэлъщ, ауэ гува-щIэхами аргуэру щIотIысхьэжыф. Абы щыгъуэми зыхуеджэ IэщIагъэр зищIысыр, зыху эдэр къыбжиIэфынукъым.

Спортсменхэр

Къадеджэхэми езыгъаджэхэми я набдзэщ. ЩIэныгъэ бэлыхьлажьэкIэ уащыгугъ мыхъунуми, гугъуехь хэмылъу дипломыр зыIэрагъэхьэ. Абыхэм къащхьэщыжын яIэщ.

Философием и "гъэрхэр"

Я гуэныхь дауэ къэтщтэн, зэрахузэфIэкIкIэ йоджэхэр, ауэ ахэр еджапIэм екIуэлIэныр куэдым елъытащ: а) я гукъыдэжым; б) дунейм и щытыкIэм; в) студент шхапIэм щагъэхьэзыр ерыскъым и IэфIагъым. Артист хьэлэмэтым хуэдэхэщ, псалъэ дахэкIэ уи щхьэр ягъэуназэ, зэчий лъагэ ябгъэдэлъу зыкъыпщагъэхъу. Я хэщIапIэ нэхъыщхьэр общежитхэрщ.

Тэмэмхэр

ЗэрахузэфIэкIкIэ гуащIафIэхэщ, зэрахузэфIэкIи Iуэхуншэхэщ, ауэ "кIэ" (хвост) къащыпыкIэ куэдрэ къэхъуркъым. Дэзыхьэхыр щIаджыкI, адрей псор я хамэщ. ЦIыху гуапэхэщ, загъэгубзыгъэркъым, делэуи залъытэжыркъым. Мыри щIыгъужыпхъэщ. Студентхэм политикэр я щIасэкъым: хъыбарыщIэхэм кIэлъыплъхэркъым, хэхыныгъэ, референдум жыхуаIэхэр зыуи кърадзэркъым. АтIэ сыту пIэрэ ахэр нэхъ зыгъэпIейтейуэ щыIэр? Шэч хэлъкъым, лъагъуныгъэрщ...

Адэ-анэхэм еджапIэм «щIаукIахэр»

Япэ мазитI-щым еджапIэм макIуэхэр, ауэ здэтIысыр и кIэ дыдэ тIысыпIэрщ. ЯмыщIэн щыIэкъым, йомыгъаджэ закъуэ. Зыгуэрхэр ятх хуэдэу защIри щысщ.

СОМГЪУР ХьэзрэIил.

●ХъыбарегъащIэ

Гъэрэ щIырэ щызэхэкIкIэ

Гъатхэпэм и 22-м Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Абхъазым и утым щригъэкIуэкIынущ мафIащхьэтыхьым - гъэрэ щIырэ щызэхэкI, адыгэхэм я мэкъумэш Илъэсыщlэр къыщихьэ махуэм - хуэгъэпса гуфIэгъуэ зэIущIэшхуэ.

МАФIАЩХЬЭТЫХЬ махуэшхуэр езыгъэкIуэкIынухэм яхэтщ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым IуэрыIуатэмкIэ и къудамэр, Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшыныгъэр, Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ-лIакъуэ зэгухьэныгъэр, «Адыгэ унэ» тыкуэныр, «Тамерис» шхапIэр.

Махуэшхуэр нэгузыужьу, щIэщыгъуэу екIуэкIынымкIэ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм яхузэфIэкI къагъэнэнукъым. ГуфIэгъуэ зэхыхьэр щIидзэнущ сыхьэт 13-м. Япэ щIыкIэ Мэлбахъуэм и уэрамым тет ипподромым къыщыщIадзэнурэ Осетин уэрамымкIэ, Ленином и проспектымкIэ Абхъазым и утым нэс кърикIуэнущ шууитху зи гъусэ шыгу зэщIэщIар. АдэкIэ гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм иращIэкI хабзэу щыта Iуэхугъуэхэр [illegible] джэд фIыцIэ фIагъэжынущ, [illegible]

ГуфIэгъуэ зэIущIэр адыгэ джэгукIэ зэхуащIыжынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэр Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт **Токумаев Жэгъэфар Зубеир и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Ахъмэт Зубеир и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэр, республикэм и Журналистхэм я союзыр, «Заман», «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редакцэхэр «Заман» газетым и къудамэм и унафэщI **Токумаев Хьусей Зубеир и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Ахъмэт Зубеир и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъуще Зариф, Жылэс Маритэ, Ныбжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ-епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмрэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревательхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ жэуап зыхь ахэр зытхахэрщ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпытын хуейкъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и щIэ дэльщ КъБР-м федеральнэ поштэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щIэныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту яткащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Къунаш Залинэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.
Щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.289 ● Заказ №791